

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1/02 DU 17 JANVIER 2022 PORTANT
MODIFICATION DE LA LOI N°1/18 DU 31
DECEMBRE 2010 PORTANT STATUT DES
OFFICIERS DE LA POLICE NATIONALE DU
BURUNDI

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi Organique n°1/27 du 09 décembre 2021
portant Modification de la Loi Organique n°1/03
du 20 février 2017 portant Missions, Organisation,
Composition et Fonctionnement de la Police
Nationale du Burundi ;

Vu la Loi n° 1/011 du 29 novembre 2002 portant
Réorganisation des Régimes des Pensions et des
Risques Professionnels ;


Vu la Loi n°1/08 du 17 mars 2005 portant Code de
l'Organisation et de la Compétence Judiciaires ;

Vu la Loi n°1/28 du 23 août 2006 portant Statut
Général des Fonctionnaires ;

Vu la Loi n°1/15 du 29 juin 2012 portant
Organisation Générale des Ordres Nationaux,
des Décorations et des Titres Honorifiques ;

Vu la Loi n°1/27 du 29 décembre 2017 portant
Révision du Code Pénal ;

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/02 RYO KU WA 17 NZERO
2022 RISHINGA AMATEGEKO NGENDERWAKO
AGENGA INTWAZANGABO Z'IGIPORISI
C'UBURUNDI

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje ibwirizwa shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;

Yihweje ibwirizwa ryunganira ibwirizwa shingiro
inomeru 1/27 ryo ku wa 9 Kigarama 2021 rihindura
Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomeru 1/03
ryo ku wa 20 Ruhuhuma 2017 rishinga imirimo
y'Igiporisi c'Uburundi, ingene gitunganijwe, abakigize
n'ingene gikora ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/011 ryo ku wa 29
Munyonyo 2002 risubiramwo itunganywa
ry'amategeko yerekeye impamba itegekanirizwa
abakozi bakukuruka hamwe n'ukubateganiriza
impanuka z'akazi ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/08 ryo ku wa 17
Ntwarante 2005 rishinga Igitabu c'amategeko
aringaniza inzego z'ubutungane n'ububasha bwazo ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/28 ryo ku wa 23
Myandagaro 2006 rishinga amategeko agenga
abakozi ba Reta ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/15 ryo ku wa 29 Ruheshi
2012 ritunganya ivyerekeye ibidari vy'iteka n'ibindi
bimenyetso biranga abatewe iteka n'igihugu ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/27 ryo ku wa 29
Kigarama 2017 risubiramwo Igitabu c'amategeko
mpanavyaha ;

Vu la Loi n°1/09 du 11 mai 2018 portant Modification du Code de Procédure Pénale ;

Vu la Loi n°1/12 du 12 mai 2020 portant Code de la Protection Sociale au Burundi ;

Vu la Loi n°1/11 du 24 novembre 2020 portant Révision du Décret-loi n°1/037 du 7 juillet 1993 portant Révision du Code du Travail au Burundi ;

Revu la Loi n°1/18 du 31 décembre 2010 portant Statut des Officiers de la Police Nationale du Burundi ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ;


PROMULGUE :

CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES

Article 1 :

La présente loi a pour objet de fixer le statut des officiers de la Police Nationale du Burundi.

Elle détermine les conditions générales de recrutement, les droits, les devoirs et les incompatibilités, les traitements, les primes, les indemnités et les avantages divers, la notation, les grades et avancements, la carrière, les récompenses, la sécurité sociale ainsi que le régime disciplinaire des officiers de la Police Nationale du Burundi.



Yihweje ibwirizwa inomeru 1/09 ryo ku wa 11 Rusama 2018 rihindura Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/12 ryo ku wa 12 Rusama 2020 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi ;

Yihweje ibwirizwa inomeru 1/11 ryo ku wa 24 Munyonyo 2020 risubiramwo itegeko-bwirizwa inomeru 1/037 ryo ku wa 7 Mukakaro 1993 risubiramwo Igitabu c'amategeko agenga akazi mu Burundi ;

Asubiye kwihweza ibwirizwa inomeru 1/18 ryo ku wa 31 Kigarama 2010 rishinga amategeko ngenderwako agenga Intwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi ;

Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;

Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

ATANGAJE :

IGICE CA I : INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 1 :

Iri bwirizwa rishinga amategeko ngenderwako agenga Intwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi.

Iri bwirizwa riratomora ibisabwa kugira umuntu yinjizwe mu Ntwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi, ivyo abaporisi b'Intwazangabo bafitiye uburenganzira, ivyo bategerejwe n'ibitabangikanywa n'amabanga bajejwe, ivyerekeye imishahara, udushirikabute, uturusho dutandukanye, ingene amanota atangwa, amapete n'ingene baja baraduzwa amapete, ibijanye n'ugutera imbere mu mwuga, ubushimwe, ugutegekaniriza kazoza Intwazangabo, hamwe n'amategeko agenga ibijanye n'inyifato mu kazi.



Article 2 :

La qualité d'officier de la Police Nationale exige en toutes circonstances la discipline, la disponibilité, la loyauté, la neutralité et l'esprit d'abnégation pouvant aller jusqu'au sacrifice suprême. Les devoirs qu'elle comporte et les sujétions qu'elle implique méritent le respect des citoyens et la considération de la Nation.

Article 3 :

La présente loi assure à ceux qui ont choisi la qualité d'officier de police les garanties répondant aux obligations particulières imposées par le métier de police.

Elle comprend des compensations aux contraintes et exigences de la vie de l'officier de la Police Nationale.

Elle offre à ceux qui quittent la carrière de police des moyens d'un retour à la vie civile et assure au retraité le maintien d'un lien avec l'institution.

Article 4 :

L'officier de la Police Nationale jouit de tous les droits et libertés reconnus aux citoyens. Toutefois, l'exercice de certains d'entre eux est soit interdit, soit restreint dans les conditions fixées par la présente loi.

Article 5 :

L'officier de la Police Nationale porte l'uniforme.

L'uniforme et les insignes distinctifs revêtus sont déterminés par voie réglementaire.

Article 6 :

Tout officier de la Police Nationale a la qualité d'Officier de Police Judiciaire. Il peut poser des actes de Police Judiciaire limités : interpellier le suspect et faire un interrogatoire sommaire qu'il transmet immédiatement au bureau de la Police Judiciaire le plus proche.

L'officier de la Police Nationale exerçant la mission de Police Judiciaire acquiert d'office la qualité d'Officier de Police Judiciaire à compétence générale.

Ingingo ya 2 :

Umuporisi w'Intwazangabo arangwa na ntaryo no kwama agendera ku mategeko y'umwuga, agavye, ayoboka abamutwara, atagira aho ahengamiye akongera akitangira igihugu gushika naho acigura. Hafatiwe ku bikorwa Intwazangabo isabwa kurangura n'ingene yitanga, akwiye guhabwa icubahiro n'abenegihugu n'uguterwa iteka n'igihugu.

Ingingo ya 3 :

Iri bwirizwa riraha Intwazangabo uturusho tubatera intege mw'irangurwa ry'ivyo bategerejwe bidasanze bijanye n'umwuga w'Igiporisi.

Rirategekanya uturusho ku buremere bw'akazi Intwazangabo mu Giporisi c'Uburundi zigira hamwe n'ivyo ubuzima bwabo busaba.

Rirategekaniriza kandi Intwazangabo zikukurutse uburyo bwo gusubira mu buzima busanzwe rigashiraho uburyo butuma bagumana imigenderanire n'Igiporisi.

Ingingo ya 4 :

Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi ifise uburenganzira bwose n'ubwigenge abenegihugu bose bafise. Ariko, hariho uburenganzira canke ubwigenge bumwe muri bwo badahabwa canke bugabanywa hisunzwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 5 :

Intwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi yambara umwambaro w'akazi umuranga.

Umwambaro n'ibimenyetso biranga Intwazangabo bishingwa n'itegeko.

Ingingo ya 6 :

Umuporisi w'Intwazangabo uwo ari we wese afise ububasha nk'ubw'inyamiramabi. Arashobora gukora ibikorwa bimwe bimwe vy'inyamiramabi: kurengutsa uwukekwako icaha no kumusambisha ivy'intangamarara kandi akagira icegeranyo aca arungika mu biro vy'Igiporisi c'inyamiramabi bimwegereye.

Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi irungitswe gukorera mu gisata c'inyamiramabi ica igira ububasha bw'inyamiramabi kuri vyose.

CHAPITRE II : DES CONDITIONS DE RECRUTEMENT ET DU STAGE

Section 1 : Des conditions de recrutement

Article 7 :

Pour être recruté candidat officier de la Police Nationale, il faut :

- a) être de nationalité burundaise d'origine ;
- b) ne pas avoir une double nationalité ;
- c) être célibataire et ne pas avoir d'enfant, le rester durant toute la durée de la formation initiale et du stage ;
- d) être reconnu, par un médecin agréé par le gouvernement, apte à exercer la carrière de policier ;
- e) avoir un diplôme d'Etat de l'enseignement post-fondamental ou équivalent donnant accès à l'enseignement supérieur public ;
- f) justifier de bonne conduite, vie et mœurs ;
- g) n'avoir pas été condamné à une peine de servitude pénale ;
- h) n'avoir pas été révoqué d'un emploi public ;
- i) avoir réussi les tests intellectuels et physiques ;
- j) avoir un âge compris entre 18 et 25 ans.

D'autres conditions de recrutements peuvent être précisées par voie réglementaire.

IGICE CA II : IBISABWA KUGIRA UMUNTU YINJIZWE MU Ntwazangabo Z'IGIPORISI N'IVYEREKEYE UKWIMENYEREZA AKAZI

Agace ka 1 : Ibisabwa kugira umuntu yinjizwe mu Ntwazangabo

Ingingo ya 7 :

Kugira umuntu yemererwe kwitegurira kuba Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi, ategerezwa kuba akwije ibi bikurikira :

- a) kuba afise ubwenegihugu bw'umurundi bw'amavuko ;
- b) kutaba afise ubwenegihugu bubiri ;
- c) kuba atarubaka kandi ata mwana afise, kuguma atubatse mu kiringo cose azoba akiriko arakurikirana inyigisho no mu kiringo cose c'ukwimenyereza akazi ;
- d) kuba yarapimwe n'umuganga yemewe na Reta, akemeza ko ashoboye umwuga w'Igiporisi ;
- e) kuba afise urupapuro rw'umutsindo ruhabwa uwurangije amashure yisumbuye rutanga uburenganzira bwo kwiga muri kaminuza canke urufatwa nk'urwo ;
- f) kuba yigenza neza mu buzima kandi afise imico myiza ;
- g) kuba atigeze acirirwa igihano c'ugupfungwa ;
- h) kuba atigeze yirukanwa mu kazi ka Reta ;
- i) kuba yarashikanye amanota asabwa mu bibazo bisaba ubumenyi n'ivy'ukwinonora imitsi ;
- j) kuba afise imyaka itari muni ya 18 canke ngo irenge 25.

Ibindi bisabwa kugira umuntu yinjizwe mu Ntwazangabo z'Igiporisi bishobora gutomorwa n'itegeko.

Article 8 :

Le recrutement des candidats officiers doit respecter le volontariat, la transparence, l'équilibre ethnique, la représentation provinciale et de genre nécessaires.

Article 9 :

Le candidat officier de la Police Nationale reçoit une formation professionnelle et académique appropriée aux missions de la Police Nationale du Burundi à l'Institut Supérieur de Police ou, en fonction des besoins, dans d'autres institutions universitaires se trouvant au pays ou à l'étranger, reconnues par le ministère ayant l'enseignement supérieur dans ses missions.

Article 10 :

Outre la formation citée à l'article 9, l'officier de la Police Nationale bénéficie d'autres formations: continue, fonctionnelle, de promotion et de réinsertion.

Article 11 :

La formation continue est le prolongement de la formation de base de l'officier au cours de la carrière avec l'objectif de se recycler et d'accroître ses connaissances, ses compétences et son savoir-faire. Elle est dispensée à tous les officiers sans pour effet de changement de fonction ni de catégorie.

Article 12 :

La formation fonctionnelle est la formation consistant à doter certains membres du personnel des compétences professionnelles particulières afin qu'ils puissent être à mesure d'accomplir des missions spécialisées liées à l'exercice de leur nouvelle fonction et/ou d'assurer les tâches qui nécessitent une qualification particulière.

Article 13 :

La formation de promotion est une formation professionnelle qui a pour but d'acquérir de nouvelles aptitudes et connaissances ou d'approfondir certaines dimensions de la fonction de police. Elle est dispensée à certains membres du personnel et la réussite à cette formation constitue une des conditions d'admission à un cadre supérieur.

Ingingo ya 8 :

Abitegurira kuba Intwazangabo binjizwa mu Giporisi hubahirijwe ugushaka kwabo, bikagirwa ku mugaragaro, hakitwararikwa ko ubwoko, intara n'ibitsina vyose biserukirwa ku rugero rukene-we.

Ingingo ya 9 :

Uwitegurira kuba Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi araronswa inyigisho za kaminuza n'izerekeye umwuga zijanye n'imirimo y'Igiporisi zitangirwa mu Ishure kaminuza ry'Intwazangabo z'Igiporisi canke, hafatiwe ku bikenewe, akazironkera mu yandi mashure ya kaminuza ari mu gihugu canke mu mahanga yemewe n'Ubushikirananyi bujijwe inyigisho za kaminuza.

Ingingo ya 10 :

Uretse inyigisho zivugwa mu ngingo ya 9, Intwazangabo y'Igiporisi irahabwa inyigisho zija ziratangwa mu kazi, izijanye n'akazi kanaka, izihabwa abimirije kuduzwa mu kazi n'izijanye n'ukwibeshaho imaze gukukuruka.

Ingingo ya 11 :

Inyigisho zija ziratangwa mu kazi ni izibandaniye ku nyigisho z'intango Intwazangabo ija iraronka iri mu kazi mu ntumbero yo kunagura no kwongereza ubumenyi, ubushobozi bwayo hamwe n'ubuhinga bwo gukora ibintu. Izo nyigisho zihabwa Intwazangabo zose ata ntumbero ihari y'uguhindura amabanga zisanzwe zijijwe canke umugwi zirimo.

Ingingo ya 12 :

Inyigisho zijanye n'akazi ni inyigisho zituma bamwe bamwe mu Intwazangabo z'Igiporisi baronka ubushobozi bujijwe n'umwuga wabo kugira bashobore kurangura imirimo kanaka yerekeye amabanga mashasha baba bagiyeye kurangura canke zibatuma bashobora gukora ibikorwa bisaba ko izo Intwazangabo ziba zifise ubumenyi bujijwe n'ako kazi.

Ingingo ya 13 :

Inyigisho zihabwa abimirije kuduzwa mu kazi ni inyigisho zijanye n'umwuga zituma Intwazangabo zironka ubundi bushobozi n'ubumenyi canke zironosora bimwe bimwe mu vyerekeye akazi k'Igiporisi. Izo nyigisho zihabwa bamwe bamwe mu Intwazangabo kandi ukuzironkamwo amanota meza ni kimwe mu bisabwa kugira bahabwe ayandi mabanga asumba ayo bari basanganywe.

Article 14 :

La formation de réinsertion est une formation qui aide l'officier de la Police Nationale à se préparer à une reconversion dans la vie civile.

Article 15 :

L'officier peut suivre des cours de formation dans les Universités ou Instituts tant nationaux qu'étrangers autorisés par le ministère ayant la Police Nationale dans ses missions.

Article 16 :

L'officier a droit à des stages de perfectionnement dans les conditions fixées par le ministère ayant la Police Nationale dans ses missions.

Un stage ou une formation réussie donne droit à une bonification du titre obtenu dans les conditions déterminées par décret.

Article 17 :

Par dérogation aux conditions prévues à l'article 7 de la présente loi, un Sous-officier de la police nationale peut être élevé à la catégorie d'officier :

- a) à la fin d'une formation de promotion organisée par le ministère ayant la Police Nationale dans ses missions ;
- b) à l'issue d'une formation académique réussie préalablement autorisée par le Ministère ayant la Police Nationale dans ses missions ;
- c) par mérite exceptionnel dûment constaté et motivé par le ministère ayant la Police Nationale dans ses missions.

Section 2 : Du stage**Article 18 :**

Il est prévu pour tout candidat officier ayant réussi la formation, un stage de douze mois. Cette période est incluse dans la durée de formation.

Ingingo ya 14 :

Inyigisho zifasha mu vy'ukwibeshaho ni inyigisho zifasha Intwazangabo yo mu Giporisi kwitegurira gusubira mu buzima busanzwe.

Ingingo ya 15 :

Umuporisi w'Intwazangabo arashobora gukurikirana inyigisho mu mashure kaminuza yo mu gihugu canke yo mu bindi bihugu zemewe n'ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 16 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bw'ugukurikirana inyigisho z'ugukarisha ubwenge hisunzwe ibisabwa bishingwa n'ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi.

Aronse amanota ashimishije mu nyigisho z'ugukarisha ubwenge canke mu nyigisho zo mu mashure ya kaminuza arabironkera agashirukabute kajanye n'urupapuro ruvemeza aba yaronse nk'uko bitegekanywa n'Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 17 :

Hatarinze kwisungwa ibisabwa bitegekanyijwe mu ingingo ya 7 y'iri bwirizwa, Igisongerezi c'Intwazangabo mu Giporisi c'Uburundi kirashobora gushirwa mu mugwi w'Intwazangabo z'Igiporisi :

- a) amaze gukurikirana inyigisho zihabwa abimirije kuduzwa mu kazi zitunganywa n'Ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi ;
- b) amaze gukurikirana kandi akamenya inyigisho zo mu mashure kaminuza Ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi bwabanje gutangira uruhusha ;
- c) hari ico yamaze kidasanzwe bikemezwa kandi bigatangirwa imvo n'Ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi.

Agace ka 2 : Ukwimenyereza akazi**Ingingo ya 18 :**

Harategekanyijwe inyigisho z'ukwimenyereza akazi zimara amezi icumi n'abiri ku witegurira kuba umuporisi w'Intwazangabo wese yaronse amanota asabwa mu vyigwa. Ico kiringo giharurwa mu kiringo inyigisho zimara.

Article 19 :

Au cas où le stage devient non concluant, l'officier stagiaire reprend une année de stage.

En cas d'échec, le candidat officier est renvoyé d'office par une ordonnance du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Article 20 :

En cas de stage concluant, le candidat officier est nommé à titre définitif par décret.

Article 21 :

L'officier de la Police Nationale nommé prête serment devant le Président de la République.

Article 22 :

Le serment est libellé comme suit :

« Moi (grade, nom et prénom, matricule), devant le Président de la République et devant le Peuple Burundais, je jure fidélité au Président de la République et à la Charte de l'Unité Nationale, que je m'acquitterai consciencieusement des responsabilités qui me sont confiées dans le respect de la Constitution, des lois et règlements de la République du Burundi ».

CHAPITRE III : DES DROITS, DES DEVOIRS ET DES INCOMPATIBILITES

Section 1 : Des droits

Article 23 :

Tout officier a droit à un traitement mensuel, à l'habillement et à l'équipement de service suivant les textes réglementaires.

Ingingo ya 19 :

Mu gihe uwitegurira kuba umuporisi w'Intwazangabo yaronse amanota adashimishije mu nyigisho z'ukwimenyereza akazi, aca asubiramwo izo nyigisho mu kiringo c'umwaka umwe.

Mu gihe asubiye kunanirwa, uwitegurira kuba umuporisi w'Intwazangabo yariko arimenyereza akazi aca yirukanwa biciye mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 20 :

Mu gihe uwitegurira kuba umuporisi w'Intwazangabo aronse amanota ashimishije mu nyigisho z'ukwimenyereza akazi, aca agenwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ngo abe Intwazangabo.

Ingingo ya 21 :

Umuporisi w'Intwazangabo wese agenywe ararahira imbere y'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 22 :

Arahira avuga ati :

« Jwe (ipete, izina n'iritazirano, inomeru imuranga) ndarahiye imbere y'Umukuru w'Igihugu n'abarundi ko nzokwama ngamburukira Umukuru w'Igihugu, ko nzokwama nubahiriza amasezerano y'ubumwe bw'abarundi, kandi ko nzorangura neza amabanga nshinzwe nisunze lbwirizwa Shingiro, amabwirizwa n'amategeko ya Repuburika y'Uburundi ».

IGICE CA III : IVYO UMUPORISI W'INTWAZANGABO AFITIYE UBURENGANZIRA, IVYO ATEGEREJWE N'IVYO ATABANGIKANYA N'AMABANGA AJEJWE

Agace ka 1 : Ivyo umuporisi w'intwazangabo afitiye uburenganzira

Ingingo ya 23 :

Umuporisi w'Intwazangabo wese arafise uburenganzira bwo kuronka umushahara ku kwezi ku kwezi, umwambaro w'akazi n'ibikoresho vy'akazi hisunzwe amategeko avyerekeye.

Il a droit à l'alimentation à la cuisine collective chaque fois qu'il est soumis à des prestations qui le contraignent à rester à tout moment au service.

Article 24 :

L'officier a droit à un congé annuel de repos de trente jours ouvrables. Il bénéficie d'un jour supplémentaire de congé par tranche de cinq ans.

Article 25 :

Outre le congé annuel, l'officier a droit à des congés de circonstance, d'expertise, d'expectative, de reclassement, de mutation, d'intérêt public et médical qui doivent coïncider avec l'événement qui en est la cause.

L'officier de sexe féminin bénéficie en outre des congés de maternité tels que prévus par la législation en vigueur.

Le congé de reclassement est de trois mois. Il est accordé trois mois avant la date de la mise à la retraite de l'officier.

Article 26 :

Pendant sa carrière, l'officier peut bénéficier d'un congé d'expertise de six mois renouvelable une fois. La durée de ce congé est décomptée de la période d'activité. Durant cette période, il ne bénéficie pas de traitement.

Article 27 :

L'officier a droit à une indemnité de logement déterminée par décret.

La veuve ou le veuf, les enfants mineurs ou assimilés de l'officier décédé en activité, continuent de bénéficier de cette indemnité de logement jusqu'à l'âge présumé de la retraite de l'officier ou à l'âge de la majorité civile de l'enfant

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo gufungurirwa hamwe n'abandi igihe cose ategerejwe gukora ibikorwa bimumutuma atava aho akore ra.

Ingingo ya 24 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronka akaruhuko ko ku mwaka ku mwaka k'imisi mirongo itatu y'akazi. Araronka umusi umwe wiyongera kuri ako karuhuko uko imyaka itanu irangiye.

Ingingo ya 25 :

Uretse akaruhuko umuporisi w'Intwazangabo aronka ku mwaka ku mwaka, arafise uburenganzira bwo kuronka akaruhuko kajanye n'ibimushikira rimwe rimwe, akaruhuko k'ukurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga, akaruhuko kajanye n'ikiringo Intwazangabo imara irindiriye gusubizwa mu mabanga yayo mugihe yarike irangura iyindi mirimo, akaruhuko ko kwitegurira gukukuruka, akajanye n'uguhindurirwa akarere k'ugukoreramwo, ako kuja kurangura ayandi mabanga y'igihugu n'akaruhuko gahabwa uwurwaye, utwo turuhuko tugategerezwa gutangura umusi igituma dutangwa gishikiyeko.

Umuporisi w'Intwazangabo w'igitsina gore araronka kandi akaruhuko kajanye n'ukwibaruka nk'uko bitegekanijwe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Akaruhuko ko kwitegurira gukukuruka ni ako amezi atatu. Gatangwa hasigaye amezi atatu kugira umuporisi w'Intwazangabo akukuruke.

Ingingo ya 26 :

Mu gihe umuporisi w'Intwazangabo akiri mu kazi, arashobora gufata akaruhuko k'ukurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga k'amezi atandatu gashobora kwisubiriza rimwe. Ikiringo ako karuhuko kamara kiraharurwa mu kiringo uwo muporisi amara ari mu kazi. Nta mushahara aronka muri icyo kiringo cose.

Ingingo ya 27 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronka akarusho kajanye n'uburaro gashingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Umupfakazi canke umupfakare, abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke abandi bafatwa nka bo basigwa n'umuporisi w'Intwazangabo yapfuye akiri mu kazi, baguma baronka akarusho kajanye n'uburaro gushika ku myaka iyo









mineur.

Cet avantage ne se cumule pas avec les droits consacrés par l'article 28, alinéa 2 de la présente loi.

Article 28 :

L'officier de la Police Nationale en activité bénéficie des facilités de l'Etat pour l'accès au crédit du premier logement dans le cadre de la politique générale du Gouvernement du Burundi en matière de l'habitat.

En cas de décès d'un officier en activité, l'Etat supporte le reste de la dette à concurrence de l'indemnité de logement en vigueur.

Les arriérés de remboursement restent à la charge de ses ayants-droit si l'officier est décédé dans les circonstances ci-après :


- 1° en cas de suicide ;
- 2° en cas de décès quand l'officier se trouve dans un état de violation de la loi.

Article 29 :

L'officier en activité ou à la retraite par limite d'âge bénéficie de la subvention de l'Etat en eau et en électricité suivant le plafond fixé par une ordonnance conjointe des Ministres ayant la Police Nationale et les finances dans leurs attributions.

Le veuf, la veuve ou l'orphelin mineur ou assimilé de l'officier décédé continuent de bénéficier de cette subvention jusqu'à l'âge de la majorité civile de l'enfant mineur.

Ne peuvent jouir de ces avantages cités aux alinéas précédents et aucun des avantages visés aux articles 27 et 28 de la présente loi, les ayants droit de l'officier décédé en cas de suicide et/ou dans un état de violation de la loi.

ntwazangabo yokukurukiyeko kigeze canke gushika umwana mutoyi ashikanye imyaka yo kwihagararira imbere y'amategeko.

Ako karusho hamwe n'ivyo Intwazangabo ifitiye uburenganzira bivugwa mu ngingo ya 28, agahimba ka 2 ntibishobora gutangirwa rimwe.

Ingingo ya 28 :

Umuporisi w'Intwazangabo akiri mu kazi aroroherezwa na Reta mu kuronka ingurane kugira ashobore kuronka uburaro bwa mbere mu ntumbero yo gushira mu ngiro poritike ya Reta mu bijanye n'uburaro.

Mu gihe umuporisi w'Intwazangabo apfuye, Reta ni yo ica imurihira umwenda yari asigaje kuriha hafatiwe ku karusho kajanye n'uburaro yari agezeko.

Amafaranga uwo muporisi w'Intwazangabo aba atarishe abandanya arihwa n'abafise uburenganzira ku matungo yiwe mugihe iyo ntwazangabo yitavye Imana muburyo bukurikira :

- 1° iyo yiyahuye ;
- 2° iyo yitavye Imana ariko ahonyanga amategeko.

Ingingo ya 29 :

Umuporisi w'Intwazangabo akiri mu kazi canke yakukurutse kubera yashikanye imyaka y'ugukukuruka, Reta iramurihira amazi n'amatara hafatiwe ku rugero ntarengwa rushingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

Umupfakare, umupfakazi canke impfuyi itarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke uwufatwa nka we baguma baronswa iyo mfashanyo gushika umwana mutoyi ashikanye imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko.

Abafise uburenganzira ku matungo y'Umuporisi w'Intwazangabo yapfuye yiyahuye canke yari yarenze amategeko ntibashobora guhabwa akarusho na kamwe kavugwa mu ngingo ya 27 n'ya 28 z'iri bwirizwa.

Article 30 :

L'officier en activité ou à la retraite bénéficie pour lui-même, son conjoint et ses enfants mineurs ou assimilés, des soins médicaux et produits pharmaceutiques gratuits suivant les conditions fixées par des textes réglementaires.

La veuve ou le veuf, les enfants mineurs ou assimilés de l'officier décédé bénéficient des mêmes avantages.

L'Etat continue à verser les cotisations à la mutuelle de la fonction publique en faveur des ayants droit pour l'officier décédé avant 15 ans de service.

Article 31 :

Sans préjudice des droits des enfants mineurs et assimilés, la veuve ou le veuf d'un officier qui se remarie perd les avantages visés aux articles 27, 28, 29 et 30 de la présente loi.

Les enfants mineurs et assimilés de la veuve ou du veuf qui se remarie gardent les avantages susvisés.

Article 32 :

En cas de décès d'un officier en activité, ses ayants droit perçoivent, en plus du salaire du mois en cours, une allocation de décès équivalente à douze mois de salaire brut.

La Police Nationale prend en charge les frais funéraires de l'officier décédé en activité ou en retraite, de son conjoint et de ses enfants mineurs ou assimilés ; exception faite de l'officier décédé en cas de suicide et/ou dans un état de violation de la loi.

Le montant des frais funéraires est déterminé par une ordonnance conjointe des Ministres ayant la Police Nationale et les Finances dans leurs attributions.

Ingingo ya 30 :

Umuporisi w'Intwazangabo akiri mu kazi canke yakukurutse aravuzwa we nyene ubwiwe, uwo bubakanye n'abana biwe batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke abafatwa nka bo, bakongera bagahabwa imiti ata mafaranga arishwe hisunzwe ibisabwa bitegekanijwe n'amategeko.

Umupfakazi canke umupfakare, abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke abafatwa nka bo b'umuporisi w'Intwazangabo yapfuye bararonka utwo turusho nyene.

Reta ibandanya itangira amafaranga y'intererano abafise uburenganzira ku matungo y'umuporisi w'Intwazangabo yapfuye atarakwiza imyaka icumi n'itanu y'akazi mw'ishirahamwe rijejwe kuvuza abakozi ba Reta.

Ingingo ya 31 :

Hatirengagijwe ivyo abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko n'abafatwa nka bo bafitiye uburenganzira, umupfakazi canke umupfakare w'Intwazangabo yapfuye yubakanye n'uwundi muntu aca atakaza uturusho tuvugwa mu ngingo ya 27, iya 28, iya 29 n'iya 30 z'iri bwirizwa.

Abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko n'abafatwa nka bo b'umupfakazi canke umupfakare yubakanye n'uwundi muntu bagumana uturusho twavuzwe.

Ingingo ya 32 :

Mu gihe umuporisi w'Intwazangabo apfuye yari akiri mu kazi, abafise uburenganzira ku matungo yiwe bararonswa umushahara w'ukwezi yapfiriyemwo bakongera bakaronswa amafaranga ahabwa abasigwa angana n'umushahara w'amezi icumi n'abiri atakivuyeko.

Igiporisi c'Uburundi ni co gitanga amafaranga yo gufuba umuporisi w'Intwazangabo yitavye Imana yari akiri mu kazi canke yarakukurutse, ayo ugufuba uwo bari bubakanye, abana biwe batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko n'abafatwa nka bo; kiretse umuporisi w'Intwazangabo apfuye yiyahuye canke yagira kurenga amategeko.

Igitigiri c'amafaranga y'imaziko gitomorwa biciye mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

Article 33 :

L'officier a droit au déplacement du domicile au lieu de service et vice versa.

Article 34 :

A deux ans du départ en retraite, l'officier a droit d'importer un seul véhicule à usage « affaires et promenade » exonéré des droits de douane et taxes.

Article 35 :

Au cours de sa carrière, l'officier de la Police Nationale bénéficie des distinctions honorifiques. Les critères d'éligibilité, les modalités pratiques, les insignes de décoration ainsi que les avantages liés à cet acte sont déterminés par une législation spécifique.

Article 36 :

Une allocation de fin de carrière équivalente au dernier salaire brut est accordée mensuellement pendant quatre mois à tout officier de la Police Nationale mise en retraite.

Article 37 :

L'officier a droit à une assistance juridique et judiciaire en cas de poursuite ou préjudice subi pendant l'exercice de ses missions.

L'Etat est tenu de réparer les dommages causés par les tiers à l'égard de l'officier lors de l'exercice de ses fonctions au cas où la responsabilité de l'auteur n'est pas établie ou si ce dernier est insolvable.

Un texte réglementaire détermine les conditions, les modalités et les cas d'assistance juridique et judiciaire ainsi que les conditions d'insolvabilité.

Article 38 :

Un décret fixe les avantages liés à la catégorie des officiers généraux.

Ingingo ya 33 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bw'ukwunguruzwa ava imuhira aja ku kazi canke ava ku kazi aja imuhira.

Ingingo ya 34 :

Imyaka ibiri imbere yuko akukuruka, umuporisi w'Intwazangabo afise uburenganzira bwo kwinjiza umuduga umwe gusa wo gutemberamwo mu gihugu atarishe amafaranga ya duwane hamwe n'amatagisi.

Ingingo ya 35 :

Akiri mu kazi, umuporisi w'Intwazangabo arashobora kwambikwa ibidari bihabwa abatewe iteka n'igihugu. Ibifatirwako mu gutorwa, ingene bikorwa, ibimenyetso yambikwa hamwe n'uturusho bijana bishingwa n'itegeko rivyerekeye.

Ingingo ya 36 :

Umuporisi w'Intwazangabo wese ashikanye imyaka y'ugukuruka mu kazi abandanya aronswa ku kwezi ku kwezi umushahara yari agezeke ata kivuyeko mu kiringo c'amezi ane.

Ingingo ya 37 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bw'ugufashwa mu vyerekeye amategeko canke akaronswa uwumuburanira mu gihe ariko arakurikiranwa canke yakorewe icaha ariko ararangura imirimo ajejwe.

Reta irabwirizwa guha Intwazangabo indishi y'akababaro kuviye vyonyonywe n'abandi bantu biturutse ku kazi ariko ararangura mugihe abavyonyonye badashobora gukurikiranwa, batamenyekanye canke badafise ubushobozi bwo kuriha.

Itegeko riratomora ukuntu intwazangabo ishobora gufashwa, ibisabwa kugira aburanigwe, ryari yoburanigwa n'ukuntu abadashobora kuriha bameze.

Ingingo ya 38 :

Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu rirashinga uturusho duhabwa abari mu mugwi w'Intwazangabo zifise ipete rya Jenerari.

Section 2 : Des devoirs et des incompatibilités

Article 39 :

L'officier a pour devoirs notamment de :

- a) respecter et faire respecter la Constitution, les lois et règlements ;
- b) servir la nation burundaise avec fidélité et dévouement ;
- c) veiller en toutes circonstances aux intérêts de la République du Burundi ;
- d) veiller, dans les limites de la loi, au maintien de l'ordre et prêter main forte aux autorités sur réquisition ;
- e) accomplir personnellement et consciencieusement les tâches lui assignées ;
- f) exécuter les ordres de ses supérieurs sauf ceux qui seraient incompatibles avec l'honneur du service et collaborer dans la mesure où l'exige l'intérêt de service ;
- g) faire preuve de dignité et de courtoisie tant envers ses supérieurs, ses égaux, ses subalternes qu'envers le public ;
- h) éviter, tant dans le service que dans la vie privée, tout ce qui pourrait ébranler la confiance du public ou compromettre l'honneur et la dignité dans sa fonction ;
- i) connaître la loi, les directives et mesures concernant le respect de ses obligations, leur mise en application et les faire respecter ;
- j) initier, dans les limites de sa compétence, la répression des abus, des négligences ou des infractions aux lois et règlements constatés dans et en dehors de ses fonctions ;

Agace ka 2 : Iryo umuporisi w'Intwazangabo ategerejwe n'ivyo atabangikanya n'amabanga ajejwe

Ingingo ya 39 :

Iryo umuporisi w'Intwazangabo ategerejwe ni nk'ibi bikurikira :

- a) kwubaha ibwirizwa Shingiro, amabwirizwa n'amategeko no gutuma vyubahirizwa ;
- b) gukorera igihugu c'Uburundi mu kutagihemukira no mu kucitangira ;
- c) kwama yitwararika inyungu z'igihugu c'Uburundi ;
- d) kwitwararika, yubahirije amategeko, kubungabunga umutekano no gufasha abategetsi igihe bamwikozeke ;
- e) gukora we nyene ubwiwe ibikorwa ajejwe akabirangurana umutima runtu ;
- f) gukurikiza amategeko ahabwa n'abamukurira mu kazi kiretse ayotukisha akazi hamwe no gufashanya n'abandi igihe bikenewe ku neza y'akazi ;
- g) kugendera ubuntu n'urupfasoni, haba imbere y'abamusumvya ipete, abo baringanya, abo arisumvya ndetse n'imbere y'abandi bantu ;
- h) kwirinda, haba mu kazi canke mu buzima bwiwe, ico cose cotuma atizerwa n'abanyagihugu canke comutesha agateka, icubahiro n'ubuntu mu mabanga ajejwe ;
- i) kumenya amategeko, ivyisungwa n'ingingo vyerekeye ukwubahiriza ivyo ategerejwe, ukubishira mu ngiro no gutuma vyubahirizwa ;
- j) gufata iyambere, yisunze ivyo afitiye ububasha, mu guhasha abo bose barenga akarimbi, abafata ibintu minenerwe canke abarenga amabwirizwa n'amategeko umuporisi w'Intwazangabo abonye yaba ari ku kazi canke atari ku kazi ;

- | | |
|--|---|
| k) faire preuve de discrétion et d'abnégation au service ; | k) kudatwarira hejuru n'ugukora atiziganya mu kazi ; |
| l) rechercher, exploiter et transmettre tous les renseignements d'ordre sécuritaire, politique, social et économique nécessaires à l'information et à l'action du gouvernement ; | l) kurondera, kwihweza no kurungikira ababijejwe inkuru zose zerekeye umutekano, poritike, imibano n'ubutunzi Reta ikeneye kumenya no gukoresha ; |
| m) veiller dans les limites de ses compétences à la sauvegarde de la sûreté tant intérieure qu'extérieure de l'Etat ; | m) kubungabunga umutekano mu gihugu n'inyuma y'imbibe z'igihugu, mu vyo afitiye ububasha ; |
| n) prendre soins des installations et du matériel appartenant à l'Etat ou placés sous sa garde et protection ; | n) gufata neza ivyubatswe hamwe n'ibikoresho vya Reta canke ivyo ajejwe gucungera n'ugukingira ; |
| o) porter secours à toute personne en danger ; | o) gutabara umuntu wese igihe umutekano wiwe ubangamiwe ; |
| p) veiller à ce que son conjoint n'exerce une activité de nature à nuire à l'accomplissement de ses fonctions. | p) kwitwararika ko uwo bubakanye adakora igikorwa gishobora kubangamira irangurwa ry'imirimo yiwe. |

Article 40 :

Il est interdit à l'officier de la Police Nationale de :

- a) se livrer à des actes contraires aux lois et règlements et aux activités portant atteinte à la sécurité du pays ou à l'intégrité du territoire ;
- b) participer à des mouvements qui se livreraient à de telles activités ;
- c) se mettre en grève ou prendre part à des actions visant à provoquer une grève ;
- d) demander ou accepter directement ou indirectement, tant dans l'exercice de ses fonctions ou en dehors, mais en raisons de celles-ci des avantages quelconques ;
- e) dévoiler le secret professionnel pendant sa carrière et même après celle-ci ;
- f) exercer une activité incompatible avec sa carrière ;

Ingingo ya 40 :

Umuporisi w'Intwazangabo arabujijwe ibi bikurikira :

- a) gukora ibikorwa biteye kubiri n'amabwirizwa n'amategeko hamwe n'ibikorwa bihungabanya umutekano w'igihugu canke bitubahiriza imbibe zaco ;
- b) kuja mu migwi ikora ibikorwa nk'ivyo ;
- c) kugira yegereyegere canke kuja mu bikorwa bifise intumbero y'ugutera yegereyegere ;
- d) gusaba canke kwakira we nyene ubwiwe canke abicishije ku bandi uturusho utwo ari two twose mu gihe ariko ararangura amabanga ajejwe canke atari ku kazi, ariko yitwaje ayo mabanga ;
- e) kumena amabanga y'akazi mu gihe akiri mu kazi n'igihe aba yaramaze kukavamwo ;
- f) gukora akazi katabangikanywa n'akazi ajejwe ;

- g) accueillir et solliciter des recommandations tendant à obtenir l'application d'un traitement de faveur ;
- h) faire valoir son statut pour ne pas payer ses dettes ou en demander l'exonération ;
- i) s'organiser en syndicats ;
- j) soumettre les gens à la torture et aux traitements cruels, inhumains et dégradants.

Article 41 :

Dans l'exercice de ses fonctions, l'officier de la Police Nationale ne peut :

- a) porter préjudice aux intérêts d'un parti politique légal ;
- b) manifester ses préférences politiques ;
- c) avantager de manière partisane les intérêts d'un parti politique ;
- d) être membre d'un parti politique ou d'une association à caractère politique ;
- e) participer à des activités ou manifestations à caractère politique.

Article 42 :

Sont incompatibles avec la qualité d'officier de la Police Nationale :

- a) tout mandat politique de nature à entraver le fonctionnement et les intérêts du service ;
- b) toute activité de nature à entraver le service ;
- c) être membre du conseil ou des organes administratifs des sociétés privées, commerciales ou industrielles en rapport avec le service à l'exception de ceux représentant les intérêts de l'Etat dans ces établissements privés ;

- g) kwemera no gusaba ivyokorwa vyotuma umuntu yoroherezwa biciye kubiri n'amategeko ;
- h) kwitwaza ico ari kugira ntiyishure imyenda canke ngo asabe kuyiheberwa ;
- i) kuja mu mashirahamwe aharanira inyungu z'abakozi ;
- j) gusinzikaza ubuzima bw'abantu no kubafata bunyamaswa.

Ingingo ya 41 :

Mu kurangura imirimo ajejwe, umuporisi w'Intwazangabo, ntashobora :

- a) kubera intambanyi inyungu z'umugambwe wemewe n'amategeko ;
- b) kugaragaza aho ahengamiye mu vya poritike ;
- c) kugira akamwana wa mama mu gushira imbere inyungu z'umugambwe ;
- d) kuba umunywanyi w'umugambwe canke w'ishirahamwe rikora ibijanye na poritike ;
- e) kuja mu bikorwa canke mu myiyerekano ijanye na poritike.

Ingingo ya 42 :

Ivyo umuporisi w'Intwazangabo atabangikanya n'amabanga ajejwe ni ibi bikurikira :

- a) amabanga yose ya poritike ashobora gutuma atarangura neza akazi k'Igiporisi canke abangamira inyungu z'akazi ;
- b) igikorwa ico ari co cose kibangamira akazi k'Igiporisi ;
- c) kuja mu bagize urwego nshingwantwaho canke izindi nzego z'amashirahamwe y'abikorera utwabo yaba ay'ubudandaji canke amahinguriro afise ivyo akorana n'Igiporisi kiretse aserukira inyungu za Reta muri ayo mashirahamwe y'abikorera utwabo ;

ew *A*

ew *A*

d) avoir, dans une entreprise privée ou dans un secteur placé sous son contrôle direct ou en relation avec lui, quel que soit son mode de gestion ou sa dénomination, des intérêts de nature à l'inciter à ne pas bien accomplir son travail ou à restreindre l'indépendance et l'objectivité de son action dans l'emploi qu'il exerce.

CHAPITRE IV : DE LA NOTATION

Article 43 :

L'officier fait l'objet d'une notation annuelle ou occasionnelle.

La notation annuelle est établie à partir du 1^{er} août de chaque année.

La notation occasionnelle est établie lors des mutations, à la fin des stages ou sur demande des chefs hiérarchiques compétents.

Article 44 :

La notation a pour but d'éclairer le commandement sur le mérite, la manière de servir, les aptitudes et l'application générale de l'officier.

Article 45 :

La procédure de notation, la contexture du bulletin de notation et les critères sont déterminés par une ordonnance du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

L'appréciation synthétique du mérite de l'officier de la Police Nationale est déterminée par les mentions ci-après :

- 1) Elite : 90 à 100% ;
- 2) Très bon: 70 à 89% ;
- 3) Bon : 60 à 69% ;

d) kuba afise mw'ishirahamwe ry'abikore ra utwabo canke mu gisata ajejwe kugenzura canke hari ico akorana n'ico gisata, uko kiba gitunganijwe kwose canke uko kiba citwa kwose, inyungu zimutuma atarangura neza umurimo ajejwe canke zigabanya ubwigenge bwiwe zikongera zikamubuza gucisha aho ukuri kuri mu vyo akora mu kazi ashinzwe.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE UGUHABWA AMANOTA MU KAZI

Ingingo ya 43 :

Umuporisi w'Intwazangabo arahabwa amanota ku mwaka ku mwaka canke rimwe na rimwe.

Amanota yo ku mwaka ku mwaka atangwa kuva kw'igenekerezo rya mbere Myandagaro buri mwaka.

Amanota ya rimwe na rimwe atangwa igihe umuporisi w'Intwazangabo arungitswe gukorera ahandi, arangije inyigisho z'ugukarisha ubwenge canke bisabwe n'abamurongoye babifitiye ububashya.

Ingingo ya 44 :

Amanota atangwa mu ntumbero y'ukwerekana abatwara igiporisi ico umuporisi w'Intwazangabo amaze, ingene akora, ivyo ashoboye n'ingene yitanga muri rusangi.

Ingingo ya 45 :

Ingene amanota atangwa, uko urwandiko rushirwako amanota ruba rumeze n'ibifatirwako mu gutanga amanota bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe igiporisi c'Uburundi.

Mu ncamake Umuporisi w'Intwazangabo, mu kumushimira ku vyo yaranguye n'ingene yigenjeje bitomorwa muri ubu buryo bukurikira :

- 1) Amanota y'indatwa : amanota ari hagati ya 90 na 100% ;
- 2) Amanota meza cane : amanota ari hagati ya 70 na 89% ;
- 3) Amanota meza : amanota ari hagati ya 60 na 69% ;

4) Assez bon : 50 à 59% ;

5) Insuffisant : Inférieure à 50%.

Article 46 :

Tout officier qui a obtenu une fois une note de l'appréciation générale « Insuffisant » ou deux fois de suite « Assez bon » doit comparaître devant un Conseil d'enquête désigné par le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Le Conseil d'enquête, composé d'au moins cinq officiers ayant une ancienneté d'au moins égale à celle de l'officier en cause, donne des avis et considérations sur le comportement et la manière de servir de l'officier ainsi que des propositions au Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Sur rapport du Conseil d'enquête, le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions peut proposer pour révocation au Président de la République, un officier dont l'appréciation générale du mérite est jugée insuffisante.

Article 47 :

En cas de contestation de la notation, le recours est porté à l'échelon supérieur endéans sept jours à compter de la réception du bulletin de notation. Si la réponse n'est pas donnée endéans trente jours, l'intéressé saisit la Cour Administrative.

CHAPITRE V : DES GRADES ET DE L'AVANCEMENT

Section 1 : Des grades

Article 48 :

La nomenclature des grades des officiers de la Police Nationale est la suivante :

Sous-lieutenant de Police, Lieutenant de Police, Capitaine de Police, Major de Police, Lieutenant-Colonel de Police, Colonel de Police, Général de Brigade de Police, Général Major de Police, Lieutenant Général de Police et Général de Police.

4) Amanota adashemeye : amanota ari hagati ya 50 na 59% ;

5) Amanota mabi cane : amanota adashika 50%.

Ingingo ya 46 :

Umuporisi w'Intwazagabo wese yaronse amanota « MABI CANE » rimwe canke yaronse kabiri kukurikiranya amanota « ADASHEMEYE » ategerezwa guca arenguka mu mugwi ujejwe gukora itohoza ushingwa n'Umushikiranji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Umugwi ujejwe gukora itohoza, ugizwe n'imiburiburi n'abaporisi b'Intwazangabo batanu bafise uburambe n'imiburiburi bungana n'ubw'uwo muporisi w'Intwazangabo yaronse ayo manota, uragira ico ushikirije ku nyifato y'uwo muporisi w'Intwazangabo n'ingene akora hamwe n'inama uwo mugwi ugirira Umushikiranji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Hafatiwe ku cegeranyo cagizwe n'Umugwi ujejwe itohoza, Umushikiranji ajejwe Igiporisi c'Uburundi arashobora gusaba Umukuru w'Igihugu ngo yirukane mu kazi umuporisi w'Intwazangabo yaronse amanota mabi cane.

Ingingo ya 47 :

Mu gihe umuporisi w'Intwazangabo adashimishijwe n'amanota yaronse mu kazi, aca yitwara ku rwego rukurira urwamuhaye ayo manota mu kiringo c'imisi indwi giharurwa kuva kw'igenekerezo yaronkeyeko urwandiko rwerekana ayo manota. Iyo nyishu idatanzwe mu kiringo c'imisi mirongo itatu, uwo vyerekeye aca yitura Sentar isasa mu manza zerekeye Reta n'ibisata vyayo.

IGICE CA V : IVYEREKEYE AMAPETE N'UKUDUZWA AMAPETE

Agace ka 1 : Amapete

Ingingo ya 48 :

Amapete ahabwa abaporisi b'Intwazangabo ni aya akurikira :

Suriyetena mu Giporisi, Riyetena mu Giporisi, Kapitene mu Giporisi, Majoro mu Giporisi, Riyetena Koroneri mu Giporisi, Koroneri mu Giporisi, Jenerari wa Birigade mu Giporisi, Jenerari Majoro mu Giporisi, Riyetena Jenerari mu Giporisi na Jenerari mu Giporisi.

Article 49 :

Les grades de nomination des officiers de la Police Nationale se succèdent dans l'ordre croissant suivant :

1. Sous-Lieutenant de Police : S/Lt Pol ;
2. Lieutenant de Police : Lt Pol ;
3. Capitaine de Police : Capt Pol ;
4. Major de Police : Maj Pol ;
5. Lieutenant-Colonel de Police : Lt-Col Pol ;
6. Colonel de Police : Col Pol ;
7. Général de Brigade de Police : Gén Bde Pol ;
8. Général Major de Police : Gén Maj Pol ;
- 9.* Lieutenant Général de Police : Lt Gén Pol ;
10. Général de Police : Gén Pol.

Article 50 :

Le Sous-Lieutenant de Police, le Lieutenant de Police et le Capitaine de Police sont des officiers subalternes.

Le Major de Police, le Lieutenant-Colonel de Police et le Colonel de Police sont des officiers supérieurs.

Le Général de Brigade de Police, le Général Major de Police, le Lieutenant Général de Police et le Général de Police sont des officiers généraux.

Section 2: De l'avancement et du commissionnement**Article 51 :**

L'avancement de grade se réalise par la promotion de l'officier au grade immédiatement supérieur.

Ingingo ya 49 :

Amapete y'Intwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi asumbasumbana uku gukurikira uherye kuri ritoyi :

1. Suriyetena mu Giporisi : S/Lt Pol ;
2. Riyetena mu Giporisi : Lt Pol ;
3. Kapiteni mu Giporisi : Capt Pol ;
4. Majoro mu Giporisi : Maj Pol ;
5. Riyetena Koroneri mu Giporisi : Lt col Pol ;
6. Koroneri mu Giporisi : Col Pol ;
7. Jenerari wa Birigade mu Giporisi : Gén Bde Pol ;
8. Jenerari Majoro mu Giporisi : Gén Maj Pol ;
9. Riyetena Jenerari mu Giporisi : Lt Gén Pol ;
10. Jenerari mu Giporisi : Gén Pol.

Ingingo ya 50 :

Suriyetena mu Giporisi, Riyetena mu Giporisi na Kapiteni mu Giporisi ni Intwazangabo zisanzwe.

Majoro mu Giporisi, Riyetena Koroneri mu Giporisi na Koroneri mu Giporisi ni Intwazangabo nkuru.

Jenerari wa Birigade mu Giporisi, Jenerari Majoro mu Giporisi, Riyetena Jenerari mu Giporisi na Jenerari mu Giporisi ni Intwazangabo zo mu mugwi w'abajenerari.

Agace ka 2: Ingene umuporisi w'intwazangabo aduzwa ipete n'ingene asimbishwa ipete**Ingingo ya 51 :**

Umuporisi w'intwazangabo aduga ipete mu kumuduza akaja kw'ipete rikurikira iryo yari asanganywe.

Article 52 :

Au premier décembre de chaque année, le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions établit un tableau d'avancement de grade des officiers de la Police Nationale dont il propose au Président de la République pour nomination.

Article 53 :

La promotion au grade immédiatement supérieur pour les officiers en activité s'opère suivant l'appréciation de la hiérarchie dans l'ordre ci-après :

1. Sous-Lieutenant de Police au Lieutenant de Police : 1 an ;
2. Lieutenant de Police au Capitaine de Police : 5 ans ;
3. Capitaine de Police au Major de Police : 5 ans ;
4. Major de Police au Lieutenant-Colonel de Police : 5 ans ;
5. Lieutenant-Colonel de Police au Colonel de Police ; 5 ans.

La nomination aux grades de la catégorie des Généraux est du pouvoir discrétionnaire du Commandant en Chef des Forces de Défense et de Sécurité.

La nomination au dernier grade tient compte de l'âge de départ à la retraite de l'officier concerné.

Article 54 :

Pour être promu, l'officier doit en outre :

- a) avoir les connaissances et les aptitudes professionnelles ainsi que les qualités morales requises pour exercer la fonction de grade de promotion ;
- b) être discipliné ;



Ingingo ya 52 :

Kw'igenekerezo rya mbere Kigarama buri mwaka, Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi aragira urutonde rw'ingene Intwazangabo z'Igiporisi c'Uburundi baduzwa amapete akarushikiriza Umukuru w'igihugu kugira abagene.

Ingingo ya 53 :

Umuporisi w'Intwazangabo aduzwa kw'ipete rikurikira iryo yari asanganywe, igihe abamutwara mu kazi babonye ko bikwiye, bikagirwa muri uru rutonde rukurikira:

1. Suriyetena mu Giporisi kugira aronke ipete rya Riyetena mu Giporisi : umwaka 1 ;
2. Riyetena mu Giporisi kugira aronke ipete rya Kapitene mu Giporisi : imyaka 5 ;
3. Kapitene mu Giporisi kugira aronke ipete rya Majoro mu Giporisi : imyaka 5 ;
4. Majoro mu Giporisi kugira aronke ipete rya Riyetena Koroneri : imyaka 5 ;
5. Riyetena Koroneri mu Giporisi kugira aronke ipete rya Koroneri : imyaka 5.

Kizigenza mu nzego zijewe ukwivuna abansi n'ugucungera umutekano ni we afise ububasha bwo kugena umuporisi w'Intwazangabo kw'ipete ryo mu mugwi wa Jenerari ata we agishije inama.

Igenwa kw'ipete ryanyuma ririsunga imyaka umupolisi w'Intwazangabo aba asigaje mukazi kugira akukuruke.

Ingingo ya 54 :

Kugira umuporisi w'Intwazangabo aduzwe ipete ategerezwa kandi :

- a) kuba afise ubumenyi n'ubushobozi mu mwuga w'Igiporisi hamwe n'inyifato ibereye kugira ashobore kurangura umurimo ujanye n'ipete ahawe ;
- b) kuba afise inyifato nziza ;




- c) avoir la force de caractère ;
- d) avoir la mention « Elite » une fois pour les officiers subalternes et les officiers supérieurs ;
- e) avoir la mention « Très Bon » au moins trois années consécutives ou la mention « Bon » au moins quatre années consécutives.

Article 55 :

Sans préjudice des conditions énumérées aux articles 53 et 54, aucun officier ne peut être promu s'il s'est vu infliger une punition marquante au cours des sept derniers mois qui précèdent la nomination ou s'il a un dossier disciplinaire et/ou pénal en cours.

Article 56 :

L'officier qui ne réussit pas un stage d'application ou de perfectionnement ou toute autre formation initiée par le ministère ayant la Police Nationale dans ses missions dans le pays ou à l'étranger est retardé à l'avancement par rapport à sa promotion.

Article 57 :

Sur proposition du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions, le Président de la République nomme les officiers aux différents grades visés à l'article 49 en tenant compte des éléments d'appréciation énumérés aux articles précédents et de l'ancienneté dans le grade.

Article 58 :

Le Président de la République peut, sur proposition du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions, commissionner, avant la période normale d'avancement, au grade supérieur, un officier pour exercer l'emploi dévolu à ce grade.

Article 59 :

Tout officier qui remplit les conditions énumérées aux articles 54 et 55 et qui n'avance pas de grade, a le droit d'introduire un recours auprès du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions dans un délai n'excédant pas deux mois à partir de la date de nomination pour être régularisé.

- c) kuba afise umutima rugabo ;
- d) kuronka «Amanota y'indatwa» rimwe ku muporisi w'Intwazangabo asanzwe n'umuporisi w'Intwazangabo nkuru ;
- e) Kuronka amanota «Meza cane» n'imiburiburi imyaka itatu ikurikirana canke amanota «Meza» n'imiburiburi imyaka ine ikurikirana.

Ingingo ya 55 :

Hatirengagijwe ibisabwa bidondaguwe mu ngingo ya 53 n'ya 54, nta muporisi w'Intwazangabo n'umwe ashobora kuduzwa ipete iyo yahawe igihano gikomeye mu mezi indwi imbere y'aho yoherewe iryo pete canke iyo yugururirwe idosiye ijanye n'inyifato mbi mu kazi canke ariko arakurikiranwa n'ubutungane ku vyaha.

Ingingo ya 56 :

Umuporisi ataronse amanota ashimishije mu myimenyerezo y'ugushira mu ngiro ivyo yize canke inyigisho z'ugukarisha ubwenge canke izindi nyigisho izo ari zo zose zitegekanywa n'Ubushikiranganji bujewe Igiporisi c'Uburundi zibera mu gihugu canke mu mahanga ararindirizwa kuduzwa ipete hafatiwe ku gihe yodugiyeko ipete.

Ingingo ya 57 :

Bishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi, Umukuru w'igihugu aragenda abaporisi b'Intwazangabo ku mapete atandukanye avugwa mu ngingo ya 49 yisunze ibikurikizwa mu kuduza amapete vyadondaguwe mu ngingo zihejeje kuvugwa n'imyaka bamaranye ayo mapete.

Ingingo ya 58 :

Umukuru w'igihugu, abishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi, arashobora gusimbisha ipete umuporisi w'Intwazangabo ikiringo c'ugushikira iryo pete kitari bwagere kugira arangure amabanga ashingwa abafise iryo pete.

Ingingo ya 59 :

Umuporisi w'Intwazangabo wese akwije ibisabwa bidondaguwe mu ngingo ya 54 n'ya 55 hanyuma ntaduzwe ipete arafise uburenganzira bwo kwitwara ku Mushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi mu kiringo kitarenza amezi abiri giharurwa kuva kw'igenekerezo yari kuronkerako iryo pete kugira ngo arenganurwe.

Article 60 :

L'ancienneté dans le grade est déterminée par la date de nomination à ce grade. L'ancienneté relative des officiers du même grade et nommés à la même date est déterminée par le classement établi à la fin de la formation de base.

Le classement général des officiers par ancienneté est consigné dans l'annuaire des officiers tenu à jour par l'Inspecteur Général de la Police Nationale du Burundi.

CHAPITRE VI : DU TRAITEMENT, DES PRIMES, DES INDEMNITES ET DES AVANTAGES SOCIAUX

Article 61 :

Pendant la période d'activité, l'officier a droit au traitement mensuel payé à terme échu, sauf s'il a fait l'objet d'une sanction disciplinaire entraînant une retenue sur traitement.

Article 62 :

A chaque grade d'officier correspond un traitement de base. En outre, l'officier bénéficie selon le cas des primes, indemnités et avantages divers.

Article 63 :

Les primes sont des compléments pécuniaires au traitement, destinées à rétribuer l'officier qui exerce certaines fonctions ou accomplit certaines prestations spécifiques.

Elles se composent notamment de :

- a) prime de fonction ;
- b) prime de spécialité ;
- c) prime de formateur ;
- d) bonifications de stages et de formations.

Ingingo ya 60 :

Imyaka umuporisi w'Intwazangabo amaranze ipete iharurwa uherye kw'igenekerezo yaronkeyeko iryo pete. Abaporisi b'Intwazangabo banganya ipete kandi barironkeye kw'igenekerezo rimwe basumbanya uburambe mu kazi hafatiwe ku manota baronse barangije inyigisho z'intango.

Urutonde rw'abaporisi bose b'Intwazangabo hakurikijwe uko basumbanya uburambe mu kazi rushirwa mu gitabu co ku mwaka ku mwaka candikwamwo abaporisi b'intwazangabo kija kirashirwa ku gihe n'Umugenduzi mukuru w'Igiporisi c'Uburundi.

IGICE CA VI: IVYEREKEYE IMISHAHARA, UDUSHIRUKABUTE, UTURUSHO TUJANYE N'IVY'AKAZI HAMWE N'UTUJANYE N'IVY'IMIBANO

Ingingo ya 61 :

Mu gihe akiri mu kazi, umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bw'uguhembwa umushahara uko ukwezi guheze, kiretse iyo yafatiwe igihano kijanye n'inyifato mu kazi gituma uwo mushahara ukatwa.

Ingingo ya 62 :

Kw'ipete rimwe rimwe ryose ry'Intwazangabo z'Igiporisi hariho umushahara mfatirwako bijanye. Vyongeye, umuporisi w'Intwazangabo araronswa, bivanye n'ivyo akora, udushirikabute, uturusho dutandukanye.

Ingingo ya 63 :

Udushirikabute ni amafaranga yongerwa ku mushahara w'umuporisi w'Intwazangabo kubera amabanga amwamwe ashinzwe canke kubera imirimo imwimwe idasanzwe atumwa kurangura.

Utwo dushirikabute ni nk'utu :

- a) agashirikabute kajanye n'amabanga ashinzwe ;
- b) agashirikabute kajanye n'ubuhinga ;
- c) agashirikabute gahabwa uwutanga inyigisho ;
- d) agashirikabute gahabwa uwakarihirijwe ubwenge n'agahabwa uwaronse inyigisho.

Article 64 :

L'officier de la Police Nationale a droit aux indemnités suivantes liées aux risques encourus dans l'exercice de ses missions :

- a) indemnités d'opération ;
- b) indemnités de risque ;
- c) indemnité de charge ;
- d) indemnités de servitude.

Article 65 :

L'officier de la Police Nationale du Burundi a droit aux indemnités de sujétion liées aux contraintes de son métier.

Article 66 :

En plus des primes et indemnités, l'officier de la Police Nationale du Burundi bénéficie des avantages sociaux suivants :

- a) allocations familiales ;
- b) indemnité de logement ;
- c) subventions en eau et électricité ;
- d) soins médicaux et produits pharmaceutiques ;
- e) frais de représentation.

Article 67 :

Le traitement de base, les indemnités, les primes et les avantages sociaux sont déterminés par décret.

Article 68 :

L'avancement de traitement consiste en une augmentation annuelle ajoutée au traitement initial et calculée proportionnellement à celui-ci. Cette augmentation est accordée à partir du mois de janvier de chaque année.

Ingingo ya 64 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronswa inshumbusho kubera impanuka zishobora kumushikira ariko ararangura imirimo y'akazi :

- a) akarusho kajanye n'ibikorwa vy'igiporisi vyo mu bihe bidasanze ;
- b) akarusho kajanye n'impanuka z'akazi zishobora kumushikira ;
- c) akarusho kajanye n'umurimo ajejwe ;
- d) akarusho kubera ukutidegemvya.

Ingingo ya 65 :

Umuporisi w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronswa uturusho tujanye n'ukwemera kwitanga tujanye n'umwuga akora.

Ingingo ya 66 :

Uretse udushirikabute n'indishi, umuporisi w'Intwazangabo araronswa kandi uturusho tujanye n'ivy'imibano dukurikira :

- a) uturusho tujanye n'ugushigikira umuryango ;
- b) akarusho kajanye n'uburaro ;
- c) amazi n'amataru arihirwa na Reta ;
- d) ukuvuzwa no kuronswa imiti ;
- e) amafaranga y'ubuserukizi.

Ingingo ya 67 :

Umushahara ufatirwako, uturusho tujanye n'ivy'akazi, udushirikabute, n'uturusho tujanye n'ivy'imibano bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 68 :

Ukuduza umushahara w'umuporisi w'Intwazangabo ni ukwongera amafaranga ku mwaka ku mwaka ku mushahara aba ageze, ayongerwako agaharurwa hafatiwe kuri uwo mushahara mfatirwako. Umushahara uduzwa mu kwezi kwa Nzero ku mwaka ku mwaka.

Le taux d'augmentation annuel est fixé par décret.

Article 69 :

L'avancement de grade donne droit au salaire du grade conféré.

L'officier promu a droit au salaire déjà atteint augmenté de la différence entre le salaire de base du nouveau grade et celui du grade précédent.

CHAPITRE VII : DE LA CARRIERE

Article 70 :

L'officier de la Police Nationale peut servir jusqu'à l'âge de la retraite.

La carrière d'un officier commence le jour de son recrutement.


La qualité d'officier de Police s'acquiert après la prestation de serment devant le Président de la République.

Le candidat officier en stage reste soumis aux textes réglementaires régissant l'Institut Supérieur de Police.

Article 71 :

Tout officier de la Police Nationale doit être dans l'une des positions suivantes :

- a) l'activité ;
- b) le congé ;
- c) le détachement ;
- d) la non activité de service comprenant :
 - la suspension par mesure d'ordre ;
 - l'absence reconnue irrégulière ;
 - la mise en disponibilité disciplinaire ;



Urugero kw'ijana rufatirwako mu kuduza umushahara ku mwaka ku mwaka rushingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 69 :

Ukuduzwa ipete bitanga uburenganzira bw'ukuronswa umushahara ujanye n'iryo pete.

Umuporisi w'Intwazangabo yadugijwe ipete aronka umushahara yari agezeke hongeweko amafaranga asigara umushahara ufatirwako mu guharura ujanye n'ipete rishasha ukuwemwo umushahara ufatirwako kw'ipete yahorana.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE UMWUGA KU MUPORISI W'INTWANZAGABO

Ingingo ya 70 :

Umuporisi w'Intwazangabo arashobora gukora kugeza ashikanye imyaka y'ugukukuruka.

Umwuga w'Igiporisi ku muporisi w'Intwazangabo utangura kuva umusi yinjijwe mu Ntwazangabo.


Umuporisi yitwa Intwazangabo ari uko amaze kurahira imbere y'Umukuru w'Igihugu.

Uwitegurira kuba Intwazangabo akiriko arimenyereza akazi, agengwa n'amategeko y'Ishure kaminuza ry'Igiporisi.

Ingingo ya 71 :

Umuporisi w'Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi wese ategerezwa kuba ari hamwe muri aha hakurikira :

- a) mu kazi ;
- b) mu karuhuko ;
- c) mu yandi mabanga atari ay'Igiporisi ;
- d) atari mu kazi ku mvo zikurikira :
 - ahagaritswe mu kazi vy'agateganyo ;
 - asiba ku kazi atabirekuriwe ;
 - ahagaritswe mu kazi mu kiringo kanaka kubera ukwigenza nabi ;



- la mise en disponibilité pour convenance personnelle ;
- la démission acceptée ;
- la condamnation à une peine privative de liberté.

Article 72 :

Le Président de la République peut détacher un officier de la Police Nationale.

Article 73 :

L'officier détaché reste soumis à la présente loi pour ce qui concerne les avantages acquis au sein de la Police Nationale et les droits à l'avancement de grade.

Pour les autres avantages, l'officier relève des règles régissant l'emploi de détachement.

Article 74 :

Sans préjudice au principe du cumul de traitement et avantages pécuniaires, tout officier de la Police Nationale mandaté pour d'autres fonctions au sein du ministère ayant la Police Nationale dans ses attributions bénéficie des avantages prévus par le présent statut.

Article 75 :

Le Président de la République peut, sur proposition du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions, mettre un officier en disponibilité pour motif de convenance personnelle pour une durée de cinq ans non renouvelable. Elle peut être interrompue sur demande de l'intéressé.

Article 76 :

A l'expiration de sa période de mise en disponibilité, l'officier réintègre le service ou rend sa démission.

- ahagaritswe akazi avyisabiye ;
- atanze imihoho akavyemererwa ;
- aciriwe igihano c'ugupfungwa.

Ingingo ya 72 :

Umukuru w'Igihugu arashobora kurungika Umuporisi w'Intwazangabo mu yandi mabanga atari ay'Igiporisi.

Ingingo ya 73 :

Umuporisi w'Intwazangabo yagenywe mu yandi mabanga aguma agengwa n'iri bwirizwa mu bijanye n'uturusho yari amaze kuronka mu Giporisi c'Uburundi no mu vyerekeye uburenganzira bw'ukuduzwa ipete.

Ku vyerekeye utundi turusho, umuporisi w'Intwazangabo agengwa n'amategeko agenga amabanga mashasha ajejwe.

Ingingo ya 74 :

Hatirengagijwe ingingo ngenderwako ibuzwa guhembwa n'ukuronka uturusho tw'amafaranga ahantu habiri, umuporisi w'Intwazangabo wo mu Giporisi c'Uburundi atumwe kurangura ayandi mabanga mu Bushikiranganji bujejwe Igiporisi c'Uburundi araronswa uturusho dutegakanijwe n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 75 :

Umukuru w'Igihugu, abishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi arashobora kwemerera umuporisi w'Intwazangabo guhagarika akazi avyisabiye mu kiringo c'imyaka itanu kidashobora kwisubiriza. Ico kiringo kirashobora guhagarikwa uwo vyerekeye avyisabiye.

Ingingo ya 76 :

Ikiringo c'uguhagarika akazi kirangiye, umuporisi w'Intwazangabo arasubira mu kazi canke agatanga imihoho.

La mise en disponibilité pour convenance personnelle ne peut être accordée que si l'officier a accompli au moins sept ans de service actif sans interruption.

L'officier qui ne réintègre pas le service après sa période de mise en disponibilité pour convenance personnelle est révoqué de la Police Nationale du Burundi.

Article 77 :

L'officier mis en non activité de service garde ses droits à la pension de retraite.

Article 78 :

L'officier en position de non activité pour des raisons de captivité bénéficie de l'entièreté du traitement durant toute la période de captivité.

L'officier disparu bénéficie de l'entièreté du traitement jusqu'au prononcé du tribunal compétent déclarant son décès.

Article 79 :

L'officier en position de non activité pour des raisons d'inaptitude physique définitive due à une maladie ou à un accident professionnel bénéficie d'une pension d'invalidité tout au long de sa vie, à partir du jour de la décision de la commission médicale.

La pension d'invalidité équivaut au traitement de base majoré de l'indemnité de logement et des allocations familiales.

Elle comprend aussi la prise en charge des consommations en eau et électricité ainsi que les soins de santé.

Article 80 :

Outre les allocations familiales, l'eau et électricité, les soins de santé et produits pharmaceutiques ainsi que l'indemnité de logement, l'officier mis en suspension par mesure d'ordre ne perçoit que la moitié de son traitement de base.

Umuporisi w'Intwazangabo yemererwa guhagarika akazi bimuvuyeko ari uko amaze n'imiburiburi imyaka indwi ikurikirana akora akazi atagahagaritse.

Umuporisi w'Intwazangabo adaciye asubira ku kazi ikiringo c'ukugahagarika yari yavyisabiye kira ngiye aca yirukanwa mu Giporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 77 :

Umuporisi w'Intwazangabo atakiri mu kazi agumana uburenganzira bwiwe bw'ukuja arahabwa impamba y'abakukurutse igihe ashikanye imyaka y'ugukukuruka.

Ingingo ya 78 :

Umuporisi w'Intwazangabo atari mu kazi kubera yagizwe imbohe aguma aronswa umushahara wose mu kiringo cose amara agizwe imbohe.

Umuporisi w'Intwazangabo yabuzwe irengero ryiwe aguma aronswa umushahara wose gushika sentare ibifitiye ububasha itangaje ko yapfuye.

Ingingo ya 79 :


Umuporisi w'Intwazangabo atakiri mu kazi kubera afise ubumuga bw'umubiri butagikira buturutse ku ndwara canke ku mpanuka y'akazi araronka impamba ihabwa abatagishoboye akazi ubuzima bwiwe bwose, kuva ku musu umugwi w'abaganga ufatiyeko ingingo yemeza ko ubumuga bwiwe butagikira.


Amafaranga y'impamba ahabwa abatagishoboye akazi angana n'amafaranga y'umushahara ufatirwako hongeweko ayo uburaro hamwe n'amafaranga ajanye n'ugushigikira umuryango.

Harashirwamwo kandi amafaranga y'amazi n'ay'amatara hamwe n'ayo kwivuza.

Ingingo yanga 80 :

Uretse ko aronka amafaranga ajanye n'ugushigikira umuryango, amafaranga y'amazi n'ayo amatara, ayo kwivuza n'ay'imiti, umuporisi w'Intwazangabo yahagaritswe mu kazi vy'agateganyo aronka gusa ica kabiri c'umushahara ufatirwako.





Article 81 :

L'officier mis en non activité de service en raison d'une infraction établie ne bénéficie d'aucun traitement.

Article 82 :

L'officier acquitté et qui n'a pas été révoqué de la Police Nationale perçoit, après réintégration administrative, son traitement plein et est régularisé pour toute la durée de la procédure judiciaire.

Article 83 :

L'officier révoqué, réformé ou démissionnaire ne peut plus réintégrer le corps de la Police Nationale du Burundi.

CHAPITRE VIII : DU REGIME DISCIPLINAIRE**Section 1: Des fautes et des sanctions disciplinaires****Article 84 :**

L'officier de la Police Nationale en activité reste soumis au régime disciplinaire prévu par la présente loi.

Article 85 :

Le régime disciplinaire est l'ensemble de règles mises à la disposition de l'autorité hiérarchique pour sanctionner la manière habituelle de servir et le comportement du personnel de la Police Nationale du Burundi.

Il est constitué de sanctions disciplinaires et de récompenses consignées dans le dossier individuel.

Article 86 :

Tout manquement d'un officier de la Police Nationale à ses devoirs ou obligations, tel qu'il ressort de la présente loi, dans l'exercice de ses fonctions ou en dehors de celles-ci, constitue une faute passible de sanction disciplinaire.

Ingingo ya 81 :

Umuporisi w'intwazangabo ahagaritswe mu kazi kubera yagiriye icaha ntamushahara aronka.

Ingingo ya 82 :

Umuporisi w'intwazangabo yambitswe izera akaba atari bwirukanwe mu Giporisi c'Uburundi, amaze gusubizwa mu kazi, arahabwa imishahara yose atahembwe ihuye n'ikiringo yamaze ariko arakurikiranwa na sentare.

Ingingo ya 83 :

Umuporisi w'intwazangabo yirukanywe mu kazi, yasezerewe mu kazi vyemejwe ko atakigashoboye canke yatanze imihoho ntashobora gusubira mu Giporisi c'Uburundi.

IGICE CA VIII : IVYEREKEYE AMATEGEKO AGENGA INYIFATO MU KAZI**Agace ka 1 : Amakosa ajanye n'inyifato mu kazi hamwe n'ibihano****Ingingo ya 84 :**

Umuporisi w'intwazangabo akiri mu kazi aguma agengwa n'amategeko yerekeye inyifato mu kazi ategakanijwe n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 85 :

Amategeko agenga inyifato mu kazi ni amategeko yose umutegetsi atwara abandi mu Giporisi yisunga mu gukurikirana ingene abo ajejwe basanzwe bakora n'inyifato yabo hamwe no mu gufata ingingo iyo bikenewe.

Ayo mategeko ategakanya ibihano bijanye n'inyifato itabereye mu kazi hamwe n'udushimwe duhabwa abakoze neza, inzandiko zivyerekeye zigashirwa mw'idosiye y'intwazangabo vyerekeye.

Ingingo ya 86 :

Umuporisi w'intwazangabo wese adakoze ivyo ajejwe canke ivyo ategerejwe, nk'uko bitegakanijwe n'iri bwirizwa, ariko ararangura amabanga y'akazi canke atari ku kazi, aba akoze ikosa rihanishwa igihano kijanye n'inyifato mu kazi.

Paragraphe 1 : Des fautes disciplinaires

Article 87 :

Constituent les fautes disciplinaires notamment :

- 1) le refus de l'ordre ou l'exécution tardive d'un ordre légalement reçu ;
- 2) le mensonge ;
- 3) l'ivresse ;
- 4) la consommation de boissons alcoolisées au service ;
- 5) la grossièreté ;
- 6) l'abandon de famille ;
- 7) l'inobservance des règles relatives aux marques extérieures de respect dues à un supérieur et aux honneurs à rendre ;
- 8) les brutalités et expressions blessantes à l'égard d'un inférieur ;
- 9) les abus de pouvoir ;
- 10) la négligence dans l'entretien des effets de service et des armes ;
- 11) la négligence ou mauvaise volonté dans l'accomplissement des devoirs ;
- 12) le retard aux appels et aux rassemblements ;
- 13) l'absence irrégulière au service ;
- 14) la dispute ;
- 15) l'inexécution des consignes ou des ordres reçus ;
- 16) la mendicité ;
- 17) la réclamation collective ;

Agahimba ka 1 : Amakosa ajanye n'inyifato mu kazi

Ingingo ya 87 :

Amakosa ajanye n'inyifato mu kazi ni nk'aya akurikira :

- 1) ukwanka gukurikiza itegeko canke uguteba gukurikiza itegeko ryatanzwe hisunzwe amategeko;
- 2) ububeshi ;
- 3) akaborerwe ;
- 4) ukunywera inzoga ku kazi ;
- 5) ugushira isoni mu mvugo ;
- 6) uguta umuryango ;
- 7) ukudakurikiza amategeko agenga ibijanye n'ukugaragaza icubahiro gihabwa uwukuruta mu kazi hamwe n'imigirwa y'ukwerekana icubahiro ;
- 8) ugukoresha igikenye n'amajambo akomeretsa uwo aruta ;
- 9) ukwitwaza ububasha ;
- 10) ukutitwararika kubungabunga ibikoresho vy'akazi hamwe n'ibirwanisho ;
- 11) ukutitwararika gukora ivyo ujejwe canke ukubikora ata shaka ;
- 12) ugucererwa ku mapero no mu mahuriro ;
- 13) ugusiba ku kazi utabirekuriwe ;
- 14) ugutongana ;
- 15) ukudakurikiza konsinye canke amategeko wahawe ;
- 16) ugusegerereza ;
- 17) ugusabira ibintu mu kivunga ;

- | | |
|--|--|
| 18) le recours collectif ou le recours vexatoire, diffamatoire ou téméraire ; | 18) ugusaba mu kivunga ko ingingo yafashwe isubirwamwo canke ugusaba ko ingingo yafashwe isubirwamwo hakoreshejwe amajambo y'ugutukana, atyoza canke mu kwubahuka birengeje ; |
| 19) la soumission à une revendication ou une plainte sans respecter la hiérarchie ; | 19) ukwemera ivyo usabwe canke ibirego ushikirijwe utagishije inama abagutwara ; |
| 20) le refus de punition ; | 20) ukwanka igihano ; |
| 21) la déclaration dans la presse sans autorisation de la hiérarchie ; | 21) ugushikiriza inkuru mu bimenyeshamakuru uwugutwara ataguhaye uruhusha ; |
| 22) l'entrave à l'exécution d'une mission de contrôle ou d'audit ; | 22) ukuba intambanyi y'igikorwa c'ugusuzuma canke ic'ukugenzura ; |
| 23) tout comportement dans un lieu public ou accessible au public permettant de supposer que son auteur exerce une activité à caractère politique de quelque genre que ce soit ; | 23) ukugira inyifato iyo ari yo yose ahakorana abantu benshi canke ahashobora guhurira abantu benshi bituma uwuyigize ashobora gufatwa ko ariko arakora igikorwa ca poritike ico ari co cose ; |
| 24) la fréquentation des débits de boissons et des lieux de dancing en uniforme ou en arme ; | 24) ukuja mu bunywero no mu butambiro Intwazangabo yambaye umwambaro w'akazi canke afise ikirwanisho ; |
| 25) le port d'une tenue non réglementaire ; | 25) ukwambara umwambaro utemewe n'amategeko ; |
| 26) l'abandon de son poste d'attache. | 26) uguta ikirindiro. |

Article 88 :

Est qualifiée de faute grave pouvant impliquer la révocation, tout comportement intentionnel de l'officier contraire à ses devoirs, qui cause préjudice à autrui, à la discipline, au fonctionnement du service, à l'image et au prestige de la Police Nationale du Burundi notamment le fait de :

- | | |
|--|--|
| 1) porter gravement atteinte à la Constitution ; | 1) kurenga ibwirizwa Shingiro ; |
| 2) abuser de l'autorité dont il est revêtu ou de sa qualité pour commettre des actes de viol, de torture, de barbarie ou porter atteinte au respect de la personne humaine ; | 2) kwitwaza ububasha afise canke ico ari mu gukora amabi ajanye n'ugusambanya umuntu ku nguvu, ukumusinzikariza ubuzima, ukumufata bunyamaswa canke ukutubahiriza ikiremwa muntu ; |
| 3) faire usage de son arme en dehors des cas prévus par la loi et les règlements ; | 3) gukoresha ikirwanisho ciwe mu bihe bidategekanijwe n'amabwirizwa hamwe n'amategeko ; |

Ingingo ya 88 :

Igifatwa ko ari icaha gihambaye gishobora gutuma hafatwa ingingo y'ukwirukanwa mu kazi, ni inyifato yose umuporisi w'Intwazangabo agize n'impaka ikaba iteye kubiri n'ivyo ajejwe, inyifato yose ibangamira uwundi muntu, idahuye n'inyifato nziza mu kazi, ibera intambanyi irangurwa ry'imirimo, igacafuza ishusho n'icubahiro vy'igiporisi c'Uburundi nko mu gukora ibi bikurikira :

- | | |
|---|--|
| 4) détenir une arme non dotée par le service ; | 4) gutunga ikirwanisho atahawe n'akazi ; |
| 5) voler, piller ou extorquer ; | 5) kwiba, kwambura abantu ku nguvu utuntu twabo canke kubasahura ; |
| 6) utiliser abusivement le matériel de l'Etat ; | 6) gukoresha ibikoresho vya Reta bitemewe n'amategeko ; |
| 7) se livrer au vagabondage sexuel ; | 7) kuja mu buhumbu ; |
| 8) se solidariser dans l'erreur ; | 8) gushigikirana mu makosa ; |
| 9) demander ou accepter directement ou indirectement dans l'exercice de ses fonctions ou en dehors, mais en raison de celles-ci, des avantages quelconques ; | 9) gusaba canke kwemera kwakira we nyene ubwiwe canke abicishije ku wundi uturusho utwo ari two twose ariko ararangura amabanga ajejwe canke atariko arayangura, ariko yitwaje ayo mabanga ; |
| 10) dévoiler le secret professionnel pendant sa carrière et même après celle-ci ; | 10) kumena amabanga y'akazi akiri mu kazi no mu gihe ataba atakiri mu kazi ; |
| 11) prendre part à des polémiques ou luttes des partis politiques ou sectes, associations ou groupements ayant une tendance ou un caractère politique ; | 11) kwisuka mu mpari canke mu ndyane z'imigambwe canke z'utudumbidumbi tw'amadini, iz'amashirahamwe canke iz'imigwi ifise intumbero y'ivyerekeye poritike ; |
| 12) introduire, détenir, distribuer tout écrit à caractère politique ; | 12) kwinjiza, gutunga, gukwiragiza inzandiko zose z'ivya poritike ; |
| 13) braquer une arme lors d'une dispute, menace avec une arme, pratique de braconnage ; | 13) guforera ikirwanisho ku muntu mu gihe c'imitongano, ugutera ubwoba akoresheje ikirwanisho, ugukora uruhigi ruciyе kubiri n'amategeko ; |
| 14) détenir, consommer, vendre, transporter, cultiver ou faciliter le trafic des stupéfiants et des boissons prohibées ; | 14) gutunga ibiyayuramutwe n'ibinyobwa bibujijwe, kubinywa, kubigurisha, kwuvyunguruza, kubirima canke kworohereza urudandazwa rwavyo ; |
| 15) le fait, pour un officier, de soustraire au contrôle ou aux poursuites judiciaires, par des manœuvres dilatoires, les personnes recherchées par la justice ; ou de retenir injustement le recours introduit par un inférieur et qu'il devrait transmettre pour examen à l'autorité supérieure ; | 15) kwanka ko abantu baronderwa n'ubutungane basuzumwa canke bakurikiranwa muri sentare akoresheje uburyo bw'ukundiza ibikorwa, canke kugumya, akoresheje akarenganyo, urwandiko rw'uwo atwara rusaba ko ingingo yafatiwe isubirwamwo rugenewe uwumukurira mu kazi ; |
| 16) détourner les objets saisis ; | 16) kunyuruza ibintu vyafashwe ; |
| 17) être en situation de désertion constatée après trente jours d'absence en temps de paix et après quinze jours d'absence en temps de crise ; | 17) guta akazi bikamenyekana haciye imisi mirongo itatu adatonda mu gihe c'amahoro n'imisi icumi n'itanu ata wuzi iyo ari mu gihe c'intambara ; |

- | | |
|---|--|
| 18) participer à un mouvement subversif ou à une mutinerie ; | 18) kugira uruhara mu mihari y'abagumutsi canke mu migumuko y'inzego z'umutekano ; |
| 19) violenter, menacer, outrager ou porter des coups à son supérieur, à son collaborateur ou à son subalterne ; | 19) gukubagura, gutera ubwoba, gutuka canke gukubita uwumutwara, uwo bakorana canke uwo atwara ; |
| 20) commettre des actes de corruption passive ou active ; | 20) kwakira canke gutanga igiturire ; |
| 21) quitter le territoire national sans avoir l'autorisation de l'autorité habilitée ; | 21) kurenga imbibe z'igihugu ata ruhusha ahawe n'umutegetsu abifitiye ububasha ; |
| 22) violer les mœurs, entretenir le concubinage ou s'adonner à la prostitution ; | 22) gutyozza imigenzo myiza y'igihugu, guharika canke kuja mu mwuga w'ubusambanyi ; |
| 23) se livrer à des violences conjugales ; | 23) gukubagura uwo bubakanye ; |
| 24) participer ou inciter au désordre, à la désobéissance ou à la rébellion ; | 24) kugira uruhara canke kwosha abantu guhungabanya umutekano, kugarariza canke kugumuka ; |
| 25) perdre une arme ou un poste émetteur-récepteur ; | 25) gutakaza ikirwanisho canke iradiyo y'akazi ; |
| 26) vendre ou dissiper des armes, munitions, équipements individuels ou collectifs ; | 26) kugurisha canke kunyuruza ibirwanisho, amasasu, ibikoresho bigenewe umuntu umwe canke benshi ; |
| 27) refuser de se présenter devant le Conseil d'enquête ; | 27) kwanka kwitaba umugwi ujejwe itohoza ; |
| 28) fabrication illégale d'armes. | 28) gukora bidacye mu mategeko ibirwanisho. |

Paragraphe 2 : Des sanctions disciplinaires

Article 89 :

La sanction disciplinaire est une mesure consistant à réprimer tout comportement déviant de l'officier de la Police Nationale en matière de discipline.

Article 90 :

Dans l'ordre croissant, les sanctions disciplinaires applicables aux officiers sont :

- a) l'avertissement ;
- b) le blâme ;

Agahimba ka 2 : Ibihano bijanye n'inyifato mbi mu kazi

Ingingo ya 89 :

Ibihano kijanye n'inyifato mbi mu kazi ni ingingo ihana Intwazangabo y'Igiporisi c'Uburundi yigenjeje nabi mu kazi.

Ingingo ya 90 :

Uhereye ku gihano gitoyi, ibihano bihabwa abaporisi b'Intwazangabo mu kazi bikurikirana gutya :

- a) ukumugabisha ;
- b) ukumwihaniza ;

- c) l'arrêt de rigueur de un à quinze jours ;
- d) le retrait des indemnités de risque pendant un mois au maximum ;
- e) la retenue de la moitié du traitement pendant cinq à vingt jours au maximum ;
- f) la mise en disponibilité disciplinaire pour six mois au maximum ;
- g) la rétrogradation ;
- h) la révocation.

Article 91 :

L'avertissement est la mise en demeure que l'autorité hiérarchique adresse par écrit à l'officier fautif.

Article 92 :

Le blâme est la désapprobation formelle que l'autorité adresse par écrit à l'officier auteur d'une faute disciplinaire dont la gravité ne justifie pas une sanction de 2^{ème} degré.

Article 93 :

L'arrêt de rigueur consiste, pour l'officier de la Police Nationale, en l'interdiction lui faite de quitter sa résidence, d'exercer une quelconque fonction, d'organiser des fêtes et de recevoir des visites.

Cette sanction s'accompagne de la retenue de la moitié du traitement journalier pendant les jours de punition.

Article 94 :

La retenue de traitement est notifiée à l'officier et ne peut excéder la moitié du traitement mensuel de base.

L'application de cette sanction ne peut avoir, pour l'officier en cause, aucune autre conséquence pécuniaire que celle fixée à l'alinéa précédent.

- c) ukumupfungira imuhira kuva ku musu umwe gushika ku misu icumi n'itanu ;
- d) ukumwaka mu kiringo kitarenze ukwezi kumwe inshumbusho rijanye n'impanuka z'akazi zishobora gushika ;
- e) ukumukata ica kabiri c'umushahara uhuye n'imisi iva kuri itanu gushika ku misu itarenga mirongo ibiri ;
- f) ukumuhagarika mu kazi kubera ukwigenza nabi mu kiringo kitarenza amezi atandatu ;
- g) ukumukorora ipete ;
- h) ukumwirukana mu kazi.

Ingingo ya 91 :

Ukugabisha ni uguteguza Intwazangabo yakoze amakosa ko asubiriye azohanwa bikagirwa n'uwumutwara biciye mu rwandiko.

Ingingo ya 92 :

Ukwihaniza ni ukunebagura Intwazangabo yakoze ikosa mu kazi bikagirwa n'uwumutwara biciye mu rwandiko, uburemere bw'iryo kosa bukaba butotuma ahabwa igihano co ku rugero rwa kabiri.

Ingingo ya 93 :

Igihano co gufungira Intwazangabo i muhira kigirwa mu kumubuza gucaruka ava i muhira, gukora umurimo uwo ari wo wose, gutunganya imisi mikuru no kwakira abashitsi.

Ico gihano kijana n'ugukata ica kabiri c'umushahara wo ku musu ku musu mu kiringo cose amara ari mu gihano.

Ingingo ya 94 :

Ingingo y'ugukata umushahara iramenyeshwa Intwazangabo kandi amafaranga akatwa ntashobora kurenga ica kabiri c'umushahara mfatirwako ahembwa ku kwezi.

Guhabwa ico gihano, nta yindi nkurikizi ijanye n'amafaranga bishobora kugira ku Ntwazangabo cerekeye, atari ayavugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo.

Article 95 :

La mise en disponibilité disciplinaire a pour conséquence la perte du traitement brut pour une période comprise entre un et six mois. Elle place l'intéressé en position de non activité de service.

Article 96 :

La rétrogradation consiste à ramener l'officier au grade immédiatement inférieur.

Article 97 :

La révocation est l'exclusion définitive du Corps de la Police Nationale entraînant la perte totale des attributs, grades, avantages, indemnités et rémunérations attenants à la qualité de l'officier de la Police Nationale.

Article 98 :

Les deux premières sanctions prévues à l'article 90 de la présente loi sont prises par le chef hiérarchique direct.

Article 99 :

La troisième et la quatrième sanction sont prises par l'autorité de 2^{ème} degré.

Article 100 :

La cinquième sanction est prise par l'Inspecteur Général de la Police Nationale.

Article 101 :

La mise en disponibilité disciplinaire est prise par le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Article 102 :

Le renvoi pour échec de stage est décidé par le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Article 103 :

La rétrogradation et la révocation sont prises par le Président de la République sur proposition du Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Ingingo ya 95 :

Uguhagarika Intwazangabo mu kazi kubera ukwigenza nabi bifise ingaruka y'ukwakwa umushahara wose atakirawukurwako mu kiringo kiri hagati y'ukwezi kumwe n'amezi atandatu. Ico gihano gituma umuporisi w'Intwazangabo aba arahagaritswe mu kazi.

Ingingo ya 96 :

Igihano c'ugukorora ipete cerekeye ugusubiza umuporisi w'Intwazangabo yakoze ikosa kw'ipete ritoyi rishoka riza musu y'iryo yari agezeko.

Ingingo ya 97 :

Igihano c'ukwirukana umuporisi w'Intwazangabo mu kazi ni ic'ukumukura burundu mu Giporisi c'Uburundi bigatuma yakwa ububasha yari yarahawe bwose, amapete, uturusho tujanye n'imibano, uturusho tujanye n'ivy'akazi n'umushahara bijanye n'ukuba Intwazangabo yo mu Giporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 98 :

Ibihano bibiri vya mbere bitegekanijwe muingingo ya 90 y'iri bwirizwa bitangwa n'uwutwara umuporisi w'Intwazangabo ku rugero rwa mbere.

Ingingo ya 99 :

Igihano ca gatatu n'ica kane bitangwa n'uwutwara umuporisi w'Intwazangabo ku rugero rwa kabiri.

Ingingo ya 100 :

Igihano ca gatanu gitangwa n'Umugenduzi mukuru w'Igiporisi.

Ingingo ya 101 :

Igihano c'uguhagarika umuporisi w'Intwazangabo mu kazi kubera ukwigenza nabi gitangwa n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 102 :

Igihano c'ukwirukana umuporisi w'Intwazangabo kubera ko atashoboye ibikorwa vy'ukwimenyereza akazi gifatwa n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Ingingo ya 103 :

Igihano c'ugukorora ipete n'ic'ukwirukana umuporisi w'Intwazangabo mu kazi gifatwa n'Umukuru w'Igihugu bishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi.

Section 2 : De la procédure

Article 104 :

Aucun officier ne peut être sanctionné disciplinairement sans qu'il ait été averti des griefs formulés contre lui et mis à même de présenter sa défense.

Article 105 :

La procédure disciplinaire peut courir concomitamment avec la procédure pénale.

Les infractions de droit commun commises par un officier de la Police Nationale en activité ou à la retraite sont justiciables devant les juridictions ordinaires.

Les officiers Généraux sont justiciables devant la Cour Suprême, les officiers Supérieurs et Subalternes devant la Cour d'Appel.

Article 106 :

Sans préjudice du régime disciplinaire propre à la Police Nationale, les officiers détachés sont soumis au régime disciplinaire de ce corps et de l'emploi de détachement.

Article 107 :

L'action disciplinaire s'exerce indépendamment de l'action judiciaire et vice versa sauf si cette dernière est indispensable pour la clôture de la première.

Sans préjudice des sanctions pénales, toute faute commise par un officier de la Police Nationale expose ce dernier à une sanction disciplinaire.

Article 108 :

Tout officier de la Police Nationale frappé d'une sanction disciplinaire peut introduire par écrit un recours endéans huit jours ouvrables à compter de la date de la notification de la sanction auprès de l'autorité qui a prononcé la sanction qui dispose de huit jours pour réagir.

Agace ka 2 : Ingene ibihano bitangwa

Ingingo ya 104 :

Nta muporisi w'Intwazangabo n'umwe ashobora guhanirwa amakosa y'akazi atabanje kumenyeshwa amakosa yagirizwa kandi atabanje guhabwa akaryo ko kwisigura.

Ingingo ya 105 :

Umuporisi w'Intwazangabo arashobora gukurikiranwa n'amategeko agenga akazi hamwe n'amategeko mpanavyaha.

Umuporisi w'Intwazangabo akoze ivyaha vyo kurenga ku mategeko asanzwe akiri mu kazi canke yakukuritse yitwarirwa muri sentare zisanzwe.

Abaporisi b'Intwazangabo bafise ipete rya Jenerari bitwarirwa muri Sentare ntahinyuzwa, Intwazangabo nkuru n'Intwazangabo zisanzwe zitwarirwa muri sentare nkuru isubiramwo imanza.

Ingingo ya 106 :

Hatirengagijwe amategeko agenga inyifato mu Giporisi c'Uburundi, Abaporisi b'Intwazangabo bashinzwe ayandi mabanga atari ayo Igiporisi bagengwa n'amategeko agenga Igiporisi n'ayagenga akazi barungitswemwo.

Ingingo ya 107 :

Umuporisi w'Intwazangabo akurikiranwa ku makosa ajanye n'inyifato mu kazi n'ibituma akurikiranwa n'ubutungane kandi ni ko kw'uko no mu gihe akurikiranwa n'ubutungane kiretse iyo ingingo ya sentare ikenewe kugira idosiye yiwe yugururwe mu kazi iherahewe.

Ikosa ryose umuporisi w'Intwazangabo akoze rituma ahabwa igihano gitegekaniywe mu mategeko y'akazi hatirengagijwe ko ashobora guhabwa igihano gitegekaniywe n'amategeko mpanavyaha.

Ingingo ya 108 :

Umuporisi w'Intwazangabo wese aronse igihano gitegekaniywe n'amategeko y'akazi arashobora kwandika mu kiringo kitarenga imisi umunani y'akazi kuva kw'igenekerezo yamenyesherejweko ico gihano asaba ko ingingo yafatiwe yosubirwamwo akabishikiriza umutegetsi yamuhanye, na we akaba afise ikiringo c'imisi umunani kugira amwishure.

S'il n'obtient pas satisfaction, il peut introduire par écrit, endéans douze jours, un recours auprès de l'autorité hiérarchiquement supérieure à celle qui a prononcé la sanction. Cette dernière dispose de 30 jours pour réagir.

Article 109 :

Le recours est personnel et non suspensif. Il doit se limiter à l'objet de la sanction et à l'autorité nantie du pouvoir de nomination.

Article 110 :

En cas de faute disciplinaire pouvant entraîner une sanction de mise en disponibilité ou de révocation, ou en cas de poursuite pénale donnant lieu à une détention préventive, une décision de suspension par mesure d'ordre est immédiatement prise.

La durée de la suspension par mesure d'ordre ne peut excéder trois mois.

La décision de suspension par mesure d'ordre est prise par le chef hiérarchique direct.

Article 111 :

Pendant la période de suspension par mesure d'ordre, un conseil d'enquête est mis en place par l'autorité habilitée pour statuer sur le dossier disciplinaire de l'intéressé.

La décision du Conseil doit intervenir avant l'expiration des délais de suspension.

Article 112 :

Pendant la période de suspension par mesure d'ordre, l'officier de la Police Nationale du Burundi fautif ne peut percevoir, outre les allocations familiales et l'indemnité de logement, que la moitié de son traitement.

Si durant cette période, l'officier de la Police Nationale du Burundi en détention préventive est mis en liberté, la suspension par mesure d'ordre est levée au cas où aucune sanction disciplinaire n'a été prise contre lui.

Iyo uwahawe igihano atanyuzwe n'inyishu yahawe, arashobora kwunguruza akandikira umutegetsi akurira mu kazi uwamuhanye hatarenze imisi icumi n'ibiri. Uwo mutegetsi na we akamwishura mu kiringo kitarenza imisi mironko itatu.

Ingingo ya 109 :

Uwo vyega niwe yunguruza kandi ntibibuza ko igihano kiba kirakurikizwa. Hungururizwa gusa icatumye igihano gitangwa kandi bigashikirizwa umutegetsi afise ububasha bwo kuduza ipete.

Ingingo ya 110 :

Mu gihe umuporisi w'Intwazangabo yakoze ikosa ry'akazi rituma ahabwa igihano c'ukuba arahagarikwa mu kazi canke akirukanwa, canke mugihe ariko arakurikiranwa n'ubutungane kugihano gishobora kumufunga arashobora guhagarikwa mu kazi ubutarariye.

Ikiringo amara ahagaritswe mu kazi ntigishobora kurenza amezi atatu.

Ingingo y'uguhagarika Umuporisi w'Intwazangabo ubutarariye ifatwa n'uwumutwara ku rugero rwa mbere.

Ingingo ya 111 :

Mu kiringo c'ihagarikwa mu kazi, umutegetsi abifitiye ububasha arashiraho umurwi ujejwe itohoza kugira utohoze ku dosiye y'Intwazangabo vyerekeye ijanye n'inyifato mbi mu kazi.

Ingingo y'uwo murwi itegerezwa gufatwa imbere yuko ibiringo vy'iryo hagarikwa birangira

Ingingo ya 112 :

Muri ico kiringo, umuporisi w'Intwazangabo yakoze icaha ashobora guhabwa gusa, uretse akarusho kajanye n'ugushigikira umuryango n'akajanye n'uburaro, ica kabiri c'umushahara.

Iyo muri ico kiringo, umuporisi w'Intwazangabo yahawe umwidgegemvyo, ingingo y'uguhagarikwa ubutarariye irakurwaho mu gihe ata kindi gihano na kimwe kijanye n'inyifato mu kazi aba yahawe.



Section 3 : Du Conseil d'enquête

Article 113 :

Afin de prévenir l'arbitraire et réprimer l'indiscipline de l'officier de la Police Nationale, il est créé un organe appelé « Conseil d'enquête ».

Article 114 :

Le Conseil d'enquête est mis en place lorsqu'un officier de la Police Nationale est proposé à la révocation, suite à une cotation deux fois « insuffisant » ou trois fois « assez bon ».

En cas de fautes disciplinaires graves, le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions met en place un Conseil d'enquête.

La composition d'un tel organe doit tenir compte du rang, de la fonction et du grade de l'officier concerné.

Section 4 : Des récompenses

Article 115 :

Les récompenses comprennent les gratifications pécuniaires et les distinctions honorifiques.

Article 116 :

L'officier qui, dans l'exercice de ses fonctions, se distingue particulièrement par son dévouement, sa probité, son objectivité, sa neutralité et qui contribue de manière exemplaire au rendement et à l'efficacité du Corps, peut recevoir l'une des récompenses suivantes :

- a) la lettre de félicitation ;
- b) le témoignage officiel de satisfaction ;
- c) les titres honorifiques.

Agace ka 3 : Umugwi ujejwe itohoza

Ingingo ya 113 :

Kugira ntihashe hasubire gufatwa ingingo zitisunze amategeko kandi Intwazangabo yo mu Giporisi c'Uburundi igize inyifato itabereye ihanwe, harashinzwe Urwego rwiswe «Umugwi ujejwe itohoza».

Ingingo ya 114 :

Umugwi ujejwe itohoza ugenwa mu gihe vyasabwe ko Umuporisi w'Intwazangabo akurwa mu kazi kubera yaronse amanota « mabi cane » kabiri canke yaronse incuru zitatu amanota « adashemeye ».

Mu gihe umuporisi w'Intwanzagabo yakozwe amakosa ahambaye ajanye n'inyifato mu kazi, Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi aca ashinga umugwi ujejwe itohoza.

Mu kugena abagize uwo mugwi hisungwa urugero Umuporisi w'Intwazangabo vyerekeye agezeke, amabanga ajejwe n'ipete afise.

Agace ka 4 : Ibijanye n'udushimwe

Ingingo ya 115 :

Udushimwe tugizwe n'amafaranga y'akoshamusyi n'ibidari vy'iteka.

Ingingo ya 116 :

Umuporisi w'Intwazangabo, ariko ararangura amabanga yashinzwe, akoze ibidasanzwe yerekanye ubwira, adatirimuka kw'ibanga, acisha aho ukuri kuri, ataho ahengamiye kandi yitanga vy'akarorero kugira Igiporisi gishike kw'ihangiro cyemeje kandi gikore ku buryo bushimishije, arashobora guhabwa agashimwe kamwe muri ubu bukurikira :

- a) ikete ry'ukumukeza ;
- b) Urwandiko rutangazwa ku mugaragaro ko Igihugu canezerejwe n'ingene yakozwe ;
- c) ibimenyetso biranga abatewe iteka n'igihugu.

Article 117 :

La lettre de félicitation est un écrit du supérieur hiérarchique direct destiné à récompenser un acte important et digne de relief accompli par un officier au cours d'une mission ou d'un service donné. Une copie est versée dans son dossier individuel. Il en est tenu compte lors de sa notation.

Article 118 :

Le témoignage officiel de satisfaction est un document par lequel les hautes autorités de la République ou de la Police Nationale reconnaissent à l'officier des services exceptionnels, des actes de courage ou de dévouement dont le retentissement est national.

Le témoignage officiel de satisfaction fait l'objet d'une citation à l'ordre du jour au cours d'une cérémonie officielle.

Article 119 :

Les titres honorifiques sont des distinctions destinées à récompenser un officier de la Police Nationale qui a rendu des services exceptionnels à la Nation ou à la communauté Internationale, dans l'exercice d'une fonction publique, de défense ou de sécurité ou dans l'exercice d'une activité privée.

Article 120 :

L'officier de la Police Nationale bénéficie l'Ordre du Mérite Patriotique destiné à récompenser les services accomplis et les actes de bravoure posés.

Les conditions d'octroi des classes composant l'Ordre du Mérite Patriotique sont déterminées par une législation spécifique.

Ingingo ya 117 :

Ikete ry'ugukeza Umuporisi w'Intwazangabo ni urwandiko rw'uwumutwara ku rwego rwa mbere rwo gushima igikorwa gihambaye kandi c'iteka ku gihugu yakoze mu murimo yarungitswemwo canke mu kazi yatumwe. Ikopi yaryo ishirwa mw'idostiyeyi y'iyotwazangabo. Iryo kete rirafatirwako mu gihe c'ugutanga amanota mu kazi.

Ingingo ya 118 :

Urwandiko rutangazwa ku mugaragaro ko Igihugu canezerejwe n'ingene Umuporisi w'Intwazangabo yakoze ni urwandiko rugirwa n'abategetsu b'Igihugu canke abo mu Giporisi c'Uburundi bagaragaza ko Intwazangabo yakoze ibikorwa bidasanzwe, ibikorwa vy'ubutwari canke vy'ubwira vyabaye rurangiranwa mu gihugu.

Urwandiko rutangazwa ku mugaragaro ko Igihugu canezerejwe n'ingene Umuporisi w'Intwazangabo yakoze rushikirizwa ku musu mukuru w'igihugu.

Ingingo ya 119 :

Ibimenyetso biranga abatewe iteka n'Igihugu ni ibimenyetso bigenewe gushimira Intwazangabo yo mu Giporisi c'Uburundi yakoreye Igihugu canke amakungu ibikorwa bidasanzwe, ariko ararangura umurimo wa Reta, umurimo wo kwivuna umwansi canke kubungabunga umutekano canke ariko arakora ibindi bikorwa vyawe.

Ingingo ya 120 :

Umuporisi w'Intwazangabo wo mu Giporisi c'Uburundi arambikwa ikidari c'ukwitangira Igihugu mu kumushimira ku bikorwa yaranguye n'ibikorwa vy'ubutwari yakoze.

Ibisabwa mu gushira mu migwi abahabwa ibidari vy'ukwitangira Igihugu bitomorwa n'itegeko rivyerekeye.

CHAPITRE IX : DE LA FIN DE CARRIERE ET
DE LA SECURITE SOCIALE

Section 1 : De la fin de carrière

Article 121 :

La cessation définitive des services d'un officier de la Police Nationale s'applique en cas de :

- a) démission ;
- b) retraite anticipée ;
- c) mise à la retraite par limite d'âge ;
- d) révocation ;
- e) réforme pour inaptitude physique ou mentale définitive au service pour cause de maladie ou d'infirmité ;
- f) décès.

Article 122 :

En cas d'inaptitude physique ou mentale présumée d'un officier de la Police Nationale, le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions prend l'initiative de saisir le Ministre en charge de la santé publique lequel désigne une commission médicale.

Si l'inaptitude physique ou mentale est constatée, le Ministre ayant la Police Nationale dans ses missions propose au Président de la République de réformer l'officier concerné.

Article 123 :

La démission d'un officier de la Police Nationale ne peut résulter que d'une demande écrite de celui-ci marquant sa volonté de quitter définitivement le service. Pour être effective, la démission doit être préalablement acceptée.

IGICE CA IX : IVYEREKEYE UKURANGIZA AKAZI
N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABAPORISI
B'INTWAZANGABO

Agace ka 1 : Ibijanye n'ukurangiza akazi

Ingingo ya 121 :

Umuporisi w'Intwazangabo arangiza akazi burundu mu bihe bikurikira :

- a) atanze imihoho ;
- b) akukurutse atarakwiza imyaka ;
- c) akukurutse kubera yakwije imyaka ;
- d) yirukanywe mu kazi;
- e) akuwe mu kazi kubera atagishoboye akazi burundu bivuye ku bushobozi buke bw'umubiri canke bwo mu mutwe biturutse ku ndwara canke ku bumuga ;
- f) apfuye.

Ingingo ya 122 :

Mu gihe Umuporisi w'Intwazangabo atagishoboye akazi bivuye ku ntege nke z'umubiri canke ingorane zo mu mutwe, Umushikiranganji ajejwe Igiporisi arasaba Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu gushinga umugwi w'abaganga uvyihweza.

Iyo bigaragaye ko uwo muporisi w'Intwazangabo atagishoboye akazi kubera intege nke z'umubiri canke ingorane zo mu mutwe, Umushikiranganji ajejwe Igiporisi c'Uburundi arasaba Umukuru w'Igihugu gufata ingingo yo gukura uwo muporisi w'Intwazangabo mu kazi.

Ingingo ya 123 :

Bifatwa ko umuporisi w'Intwazangabo yatanze imihoho ari uko yabisavye biciye mu rwandiko rumenyeshya ko ashaka guheba akazi burundu. Kugira bije mu ngiro, abanza kwemererwa.

Article 124 :

Une décision de révocation d'un officier de la Police Nationale est prononcée d'office lorsque :

- a) il est constaté une faute disciplinaire grave tel que prévu par l'article 90 de la présente loi ;
- b) il ne reprend pas son service à l'expiration de la période de suspension d'activité de service ;
- c) il apparaît qu'au moment de son recrutement, l'officier a produit de faux documents. Dans ce cas, les faits sont dénoncés à l'autorité judiciaire compétente aux fins des poursuites judiciaires ;
- d) il est constaté qu'il n'a pas la nationalité burundaise ou acquiert une autre nationalité ;
- e) il abandonne ses fonctions avant d'avoir obtenu sa mise en disponibilité ou sa démission ;
- f) condamnation à une peine de servitude pénale d'au moins six mois ou à plusieurs peines de servitude pénale dont le total est supérieur à douze mois.

Article 125 :

Aucun officier ne peut être révoqué qu'à l'issue d'une procédure disciplinaire impliquant notamment la comparution de l'intéressé devant le Conseil d'enquête.

Article 126 :

L'âge limite de l'officier en service actif est fixé à :

- a) 60 ans révolus pour l'officier Général de Police ;
- b) 55 ans révolus pour l'officier Supérieur de Police ;
- c) 50 ans révolus pour l'officier Subalterne de Police.

Ingingo ya 124 :

Ingingo y'ukwirukana Umuporisi w'Intwazangabo mu Giporisi c'Uburundi ifatwa mu gihe :

- a) bigaragaye ko yakoze ikosa rihambaye mu kazi rijanye n'inyifato riri mu yategekanijwe mu ingingo ya 90 y'iri bwirizwa;
- b) adasubiye ku kazi ikiringo c'uguhagarikwa vy'imfatakibanza mu kazi kirangiye ;
- c) vyibonekeje ko igihe yinjizwa mu kazi yashikirije inzandiko atari iz'ukuri. Muri ico gihe, amakosa yakozwe amenyeshwa sentare ibifitiye ububasha kugira imukurikirane ;
- d) bigaragaye ko ata bwenegihugu bw'Umurundi afise canke aronse ubundi bwenegihugu ;
- e) ahagaritse akazi ataronka uruhusha rumwemerera kuba aragahagaritse canke gutanga imihoho ;
- f) ahanishijwe umunyororo n'imiburiburi w'amezi atandatu canke ibihano vy'ugupfungwa vyinshi biteranijwe birenza amezi icumi n'abiri.

Ingingo ya 125 :

Nta muporisi w'Intwazangabo ashobora kwirukanwa mu kazi hatabanje gukurikizwa intambwe zisungwa mu guhana amakosa y'akazi no k'ukumurengukisha imbere y'umugwi ujejwe itohoza.

Ingingo ya 126 :

Imyaka umuporisi w'Intwazangabo atarenza ari mu kazi ni :

- a) 60 yuzuye ku Muporisi w'Intwazangabo afise ipete rya Jenerari ;
- b) 55 yuzuye ku muporisi w'Intwazangabo nkuru ;
- c) 50 yuzuye ku muporisi w'Intwazangabo isanzwe.

Une prolongation de carrière de deux ans renouvelable une fois peut être accordée sur demande de l'officier concerné.

La mise à la retraite est publiée par le Ministre ayant la Police Nationale dans ses attributions.

Article 127 :

L'officier qui justifie de quinze ans de service actif peut, sur sa demande, être mis à la retraite anticipée. La décision est prise par le Président de la République.

Section 2 : De la sécurité sociale

Article 128 :

Les officiers de la Police Nationale sont affiliés à l'Institut National de Sécurité Sociale et à la Mutuelle de la Fonction Publique par l'employeur et sont classés parmi les assurés travaillant dans des conditions dures et pénibles comportant beaucoup de risques suivant les dispositions du Code de Protection Sociale.

Les officiers de la Police Nationale peuvent adhérer à d'autres institutions de Sécurité Sociale.

Article 129 :

L'officier de la Police Nationale en position de fin de carrière a droit à la pension de retraite.

Article 130 :

Les pensions et rentes des officiers de la Police Nationale sont liquidées conformément aux dispositions du régime de sécurité sociale en vigueur au Burundi.

Umuporisi w'Intwazangabo arashobora kwongerwa imyaka ibiri y'akazi avyisabiye ishobora kwisubiriza rimwe gusa avyisabiye.

Umushikiranangijwe ajejwe Igiporisi c'Uburundi ni we atangaza ko Umuporisi w'Intwazangabo yakukurutse.

Ingingo ya 127 :

Umuporisi w'Intwazangabo amaze imyaka icumi n'itanu mu kazi arashobora gusaba gukukuruka atarashikana imyaka itegekanijwe. Ingingo y'ukumwemerera gukukuruka ifatwa n'Umukuru w'Igihugu.

Agace ka 2 : Ugutegekaniriza kazoza abaporisi b'Intwazangabo

Ingingo ya 128 :

Umukoresha w'abaporisi b'Intwazangabo ni we abategekaniriza kazoza mw'Ishirahamwe INSS akongera akabavuzura mw'Ishirahamwe rijejwe kuvuza abakozi ba Reta kandi bagashirwa mu mugwi w'abanywanyi bakora akazi kagoye kandi gashobora gutera impanuka nyinshi hisunzwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ivyerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi.


Abaporisi b'Intwazangabo b'Igiporisi c'Uburundi barashobora kwinjira mu yandi mashirahamwe ajejwe gutegekaniriza kazoza abakozi.


Ingingo ya 129 :

Umuporisi w'Intwazangabo arangije akazi, arafise uburenganzira bw'ukuronswa impamba ija irahabwa abakukurutse.

Ingingo ya 130 :

Impamba ija irahabwa abaporisi b'Intwazangabo bakukurutse n'iyija irahabwa abasigwa babo zitangwa hisunzwe ibitegekanijwe mu mategeko agenga ugutegekaniriza kazoza abakozi asanzwe akurikizwa mu Burundi.





CHAPITRE X : DES DISPOSITIONS FINALES

Article 131 :

A la promulgation de la présente loi, les grades des officiers de la Police Nationale sont harmonisés conformément à la nomenclature des grades prévus à l'article 48.

Article 132 :

Les Aumôniers de la Police Nationale sont assimilés aux officiers de la Police Nationale du Burundi.

Ils sont astreints au même régime disciplinaire, aux mêmes devoirs, interdictions et incompatibilités et bénéficient des mêmes droits et avantages sociaux. Ils sont soumis au même régime de notation.

Article 133 :


Toutes dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Article 134 :

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Fait à Gitega, le 17 janvier 2022

Evariste NDAYISHIMIYE.-




PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

VU ET SCELLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE,

Domine BANYANKIMBONA



IGICE CA X : INGINGO ZISOZERA

Ingingo ya 131 :

Iri bwirizwa rimaze gutangazwa, amapete y'abaporisi b'Intwazangabo aroranyishwa hisunzwe uko amapete ategakanijwe mu ngingo ya 48.

Ingingo ya 132 :

Abibutsamana bo mu Giporisi c'Uburundi bafatwa nk'Intwazangabo zo mu Giporisi c'Uburundi.

Bategerezwa gukurikiza amategeko agenga inyifato y'abaporisi b'Intwazangabo, ivyo bategerejwe, ivyo babujijwe n'ivyo batabangikanya n'amabanga bajejwe bikaba bimwe bakagira n'uburenganzira bumwe hamwe n'uturusho tumwe. Bahabwa amanota y'akazi co kimwe n'Abaporisi b'Intwazangabo.

Ingingo ya 133 :


Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 134 :

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Bigiriwe i Gitega ku wa 17 Nzero 2022

NDAYISHIMIYE Evariste.-



KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBURIKA,

UMUSHIKIRANGANJW'UBUTANGANE,

Domine BANYANKIMBONA

